

# «СӨЗ ЗЕРГЕРИ ЕДИ»

*(яднама)*

НӨКИС
«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН»
2009

www.ziyouz.com kutubxonasi

**«СӨЗ ЗЕРГЕРИ ЕДИ»** *(яднама)*. — Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы, 2009-жыл, 60 бет.

Ҳақыйқый инсанлар өз өмири даўамында көпшиликтиң ҳүрметине ерисиў барысында көплеген адамлар менен сәўбетлес, дәртлес болып ғана қалмай белгили дәрежеде олардың қәлбине кирип, оннан орын алады. Ол әлбетте ағла адамгершиликли пазыйлетлерге ийе болса ғана... Сонлықтан да бундай инсанлар өмирден көз жумғаннан кейин де оның аты халық арасында умытылмас болып, адамлар қәлбинде жасайды, тиллерден түспейди.

Қолыңыздағы бул китап халқымыз сүйип ардақлаған инсан, сөз зергери Ибрайым Юсупов ҳаққында заманласларының жүрек сөзлерин, оның менен болған сәўбетлерин, еске түсириўлерин өз ишине алады.

Китап И. Юсуповтың 80 жыллығына арнап шығарылды.

*Жуўаплы редактор* **Кеңесбай Реймов**

*Дүзиўшилер:* **Шарап Уснатдинов**
**Муратбай Нызанов**
**Сағындық Жаниев**

İSBN—978-9943-346-85-7

**© «Қарақалпақстан» баспасы—2009**

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ПРЕЗИДЕНТКЕ ХАТ

***1999-жылы Ташкент қаласында жүз берген февраль ўақыялары хәр бир ўатан пуқарасының жүреклерин ләрзеге салды. Усы кеўилсиз ўақыяға байланыслы Өзбекстан хәм Қарақалпақстан халық шайыры Ибрайым Юсупов мәмлекетимиз президенти Ислам Абдуғаниевич Каримовқа хат жоллаған еди.***

**Қәдирданымыз Ислам Абдуғаниевич!**

Жасы жетписти қаралаған, турмыстың пәс бәленти хәм ашшы душшысын татқан кисиге, әсиресе, өмир бойы ел-журтының келешегин ойлап, арын арлап, намысына қайғырып келген шайыр адамға бундай кеўилсиз ўақыя хаққындағы хабар қаншелли жаман тәсир ететуғынын әлбетте, Сиз жүдә туўры түсинесиз деп ойлайман. Сиз удайы өз халқыныздың жүрегинде, тилинде турған гәплерин айтып келгенсиз. Кешеги ўақыялардан соң сөйлеген сөзиниз болса, ғаррының-жастың — хәммениң тек Сиздей әдил хәм талапшаң басшыдан ғана күтиўи лазым болған сөзлер еди. Әсиресе, сол күни Олий Мажлис имаратында өткерилген жыйналыста сөйлеген сөзинизде, жапакеш хәм мийнет сүйгиш әпиўайы адамлар, жаслар хаққында күйинип айтқан гәплериниз мениң қолыма кәлем алып, усы хатты жазыўыма түртки болды. Өз басына, өз жанына қастыйаншылық шөлкемлестирилген бир пайытта хәм өз елин, өз республикасындағы хәр бир ўалаятты, әсиресе, балалардың келешегин қайғырып жан күйдирген президентлер тарийхта кемнен-кем. Бахтымызға хәмийше аман болын. Қудақәлесе, бул күнлер де өтип кетер, әне сол жарқын күнлерде бундай келте пәм кимселер үстинен дәўирдиң өзи адил хүким шығарған ўақытларда да бирге боламыз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ПРЕЗИДЕНТ

Заман күшли зилзиладан силкинип,
Турғынлык қорғаны иштен қыйрады,
Даўыл ҳүкиминде теңиз жулқынып,
Толқынларды тоғыз баллға айдады.

Қыйратпақшы болды соқтырып жарға,
Толқын қақшып ушып корабльлерди.
Тәўекел деп, келди штурвалларға,
Азатлықтың ержүрекли ерлери.

Сонда бириншилер қатарында Сиз,
Тәўекел кәмарын белге буўғансыз.
Ата-баба әрўағына сыйынып,
Тәкәббир құдиретке қарсы барғансыз.

Империя—жети баслы айдарҳа,
Дем шегип турса да айбынбай барып,
Теңсиз мәртлик иследиңиз Сиз сонда,
Қәпестеги Ҡумай қусты қутқарып.

Ҡумай—дәўлет қусы жазып қанатын,
Ушты, ел үстине саясын салды.
Саҳыпқыран руўхы ат ойнатып,
Өзбек өз тәғдирин қолына алды.

Үмит күтип уллы келешегинен,
Халық қуўанды, жанлап шадлық намасы.
Шығыс аспанының көк жийегинен
Бас көтерди мустақиллик қуяшы...

Есимизде парламент минберинен Сиз
Айттыңыз: "Тоқтатың бизди мақтаўды.
Қойың өз ҳалыма мени"—дедиңиз
"Маған халық тәғдири жүклеген таўды.

Жеткермегим лазым мәнзилине мен.
Үрдис қылмаң бир-биреўди мақтаўды.
Сизлерден диз шөгип өтинемен мен,
Аўызбирлик, татыўлықты сақлаўды".



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул енди инсаный пазыйлет сөзи,
Халық кеўлинде тасты Сизге муҳаббат.
Ҳәр зат өз атына ийедур өзи,
Мақсет—мақтаў емес, —ҳақлық, әдалат.

Тәғдир тикенекли соқпақларынан
Жаслар жалаңаяқ айдап қар-музға,
Қандырып закаўат булақларынан,
Тәңирим Сизди берген ырбалымызға.

Сумлық жайлаған бул делбе дүньяда
Сиз тыңнан туўры жол салып келесиз.
Ел кәрўанын өткели жоқ дәрьядан
Аўдырмай өткерип алып келесиз.

Қыйынлықлар еле изде қалады,
Мийнет сүйгиш халық гүллентер Ўатанды.
Дүнья "бир көрсем" деп ашық болады,
Өзбекстан атлы жәннетмәканды.

Бизди тән алмақта еллер қайдағы,
*Бүгин жаңа әсир босағасында.*
Сиз көтерген ғәрезсизлик байрағы
Желбирер БМШ астанасында.

Мықлы ийниңизде алып келесиз,
Халық тәғдири жүгин. Ел Сизден ырза.
Уллы абырай қазанасыз еле Сиз,
*Қудай қуўат берсин, Президент мырза!*

Жаңа әўлад сыйлап, алғайлар ядқа,
Тәңирим бәрҳа нурлы нәзерин салғай.
Сизден-бизден сол ертеңги әўладқа
Азат ҳәм де абат бир Ўатан қалғай!

Журтбасымыз халықтың тилегиндеги,
Узақ жас буйырсын өмириңизге,
Қарақалпақтың аппақ жүрегиндеги
Алғыс ҳәм сәлемин жоллайман Сизге!

**Ибрайым Юсупов.** *Өзбекстан ҳәм*
*Қарақалпақстан халық шайыры*
*Февраль, 1999 ж.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ПРЕЗИДЕНТ МИННАТДАРШЫЛЫҒЫ

"Миллий тикланиш" газетасында басылған қосығыңыздың ҳәр бир қатарында мәўиж урып турған шын жүреклик ҳәм үлкен сый-ҳүрмет сезиминен оғада тәсирлендим... Шын кеўилден жазған қосық қатарларыңыз ушын миннетдаршылық билдирип, сизге саўлық-аманлық, өмириңиз ҳәм дөретиўшилигиңизге берекет тилеймен.

*Ҳүрмет пенен*

**Өзбекстан Республикасы**
**Президенти** **И.КӘРИМОВ**



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ШАЙЫР МЕНЕН СӘЎБЕТ

## “ӘЙ, ЎАҚЫТ! БОЛ, БОЛ ЖЕБЕЎШИМ...”

*Өзбекстан қаҳарманы Ибрайым Юсупов пенен журналист Шарап Уснатдиновтың бул сәўбети «Еркин Қарақалпақстан» газетасының 2004-жыл 4-ноябрьдеги санында жәрияланған еди.*

**Шайыр менен бул сәўбетимиз усы жыл август айының орталарында басланған еди. Үлкен кәрўанның қозғалып, жолға түсип кетиўи қыйын болғанындай, бул кисини де жедел сәўбетке тартыў аңсат емес. Соның арасында, Ғәрезсизлик байрамы менен қосыла, оған Өзбекстан Қаҳарманы атағы берилгенлиги ҳаққындағы Президентимиздиң Пәрманы келди.**

**Халқымыздың күтип жүрген жақсы нийетлериниң бири болған бул қуўанышлы ўақыяны бойға сиңдириў ҳәм оның “көз айдын болсыны” да әдеўир созылды.**

**Биз, сәўбетти дәслепки баслаған ўақтымызда, оның узақ даўам етиўге, баспасөзге берилиў-берилмеўинен бийғәрез, сораўлар сарқылғанша қағазға түсире бериўге келискен едик. Бирақ, жоқарыдағы ўақыялар толқыны бул режемизди өзгертип жиберди. Соның менен, усы сәўбетимиздиң қолға илинген бөлегин оқыўшылар қәўимине усынып отырмыз.**

**Сораў:** Шайыр Ибрайым Юсупов қарақалпақ халқының атақлы, елине кеннен мәлим перзентлериниң бири. Сонлықтан, сөзимизди оның өмирбаяны ҳәм шығармаларының библиографиясынан баслаў шәрт емес шығар. Егер мәлел келмесе, сораўымды былайынша басламақшыман.

Сиз, ҳүжжетиңиз бойынша усы жылдын 5 майы күни 75 жасқа толдыныз. Бирақ, ғалаба хабар қуралларының хеш биринде сол күни арнаўлы көрсетиў яки мақала берилмеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул сәнени белгилеў яки белгилемеў бойынша өзиңизде қандай сезимлер жүз берди?

**Жуўап:** Мениң пәмлеўимше, бундай сәнелерди белгилегиң келсе, жәмийетшиликти алаўада етпей үйинде, ошақ басында бала-шаған, туўған-туўысқанларың, қоңсы-қобаң, дос-яранларың менен "туўылған күн" дәстүри бойынша белгилеген мақул. Жетпис бес Яратқан ийемиздиң бендесине сыйлаған үлкен инаяты. Мен оған қуўанып, шүкирлик етип, "Жетпис бес" деген бир қосық жәрияладым газетада, сол болады.

Лекин, жасап көргенлер биледи, алпыстан кейинги хәр бир жастың өзи аўыр салмақлы болып келеди. Қуўанғанынңнан ол аўырлықты онша елестирмей жасай бересең. Ал, ғаррылық болса, шақырылмаған қонақтай есигиңди қағып турады.

**Сораў:** Әдебиятымыз бенен мәдениятымыздың ғана емес, халқымыздың тарийхына кирген хәм оның үлкен қахарманларының бири болып қалатуғын (бул гәпти көзиңизге айтып, "көзи ашықлық" еткенимди кеширерсиз) инсанның бизиң ушын ашылмаған сырлары қалмаўы керек.

Академик Жуманазар Базарбаев екеўимиз быйылғы хайт байрамы күни Сизди қутлықлап үйиңизге барғанымызда, сөзиңиздиң арасында, "мениң жылым—барыс болса керек" дедиңиз. Сонда Сиз 1926-жылы туўылған болып, хәзир 79 жасқа қараған боласыз.

Буған айрықша тоқтап отырғаным, мениң әкем Уснатдин паспорты бойынша 1910-жыл, өзи "жылым—тышқан" дейтуғын еди. Ал, Тышқан 1912-жыл. Бул аўхал мениң өзимниң басымда да болды.

Өзиниң жасын анықлаў хәр бир адамға, әсиресе Сизге усаған халық перзентлери ушын жүдә зәрүр. Соңлықтан усы мәселеге анықлық киргизсеңиз?

**Жуўап:** Биз қатарлылардың хеш қайсысы да туўылған күнин анық айта алмайтуғын шығар деп ойлайман. Өйткени, ол заманда биз де, аўыллық жерлерде туўылыў хаққында рәсмий дизимге алыў болмаған есабы. Соңлықтан, хәр ким еситкенин ермек етип, "шама" менен туўыла береди. Ал, христианларда туўылған баланы ширкеўге апарып шоқындыратуғын хәм рәсмий дизимге алып, жазба хүжжет беретуғын болған деседи.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Усы жағдайларды есапка алып, Уснатдин аға да, биз де, өзин де колдағы рәсмий ҳүжжет—паспортларға жүгингенбиз. "Аўылда пәленше пәлен дейтуғын еди" деп туўылған сәненди өзгерте берсең, онда "кайта-кайта" туўылып жүре бересең...

**Сораў:** Өзиңизге мәлим, Өзбекстанымыздың ғәрезсизликке ерискенине дейин бизиң әдебиятымыз—қарақалпақ совет әдебияты деп аталатуғын еди. Әдебият қанша айтсаң да өз заманының айнасы. Оның идеологиясы руўхына қалай сиңгенин билмей де калады. Ал, советлик дәўирде компартия жеке басқарыўшы күш болғаннан соң, ҳәмме тек ғана соның идеологы болып калдык. Ол дәўирде партияның басқарыўшы ҳәм шөлкемлестириўши күш екенин өз шығармасында сәўлелендирмеген шайыр яки жазыўшы болған жок.

Бирақ, ғәрезсизлигимизден кейин бурынғы: "желбирейди кызыл байрақ колларда" деген поэзия, ямаса ҳеш кимниң колынан келмей атырған иске партком секретары келсе, коммунистлердиң күши менен бәри орынланып кететуғын проза әдебият болмай қалды. Усыған қалай қарайсыз? Олар шайыр яки жазыўшы дегенге ылайық па? Яки умытылып қала ма? Сиз усы мәселени қалай шештиңиз?

**Жуўап:** Жүдә дурыс айтып атырсаң, Шарап иним. Болыўы солай болды, аўа. "Қызыл идеология" "усы жерден алтын балық шығады" деп, ҳәммени бир ийримге үңилдирип қойғаны, ким үңилгиси келмесе, суўға ийтерип жибергенлери ырас.

Бир шайыр инимиз бизди "бираз қосығында партия сиясатын жырлады" деп, мақаласында қаралап, ал "мен Ленин туўралы, кудайға шүкир бир аўыз да сөз жазғаным жок" деп, өзин аппақ хожаның аклығы етип көрсеткиси келди. Оған не дейсең енди? Бундай қайымшыл сын, қызыл байрақ желбиреўден қалған ўакыттан баслап, Мәскеўден тартып, барлық таркалған аўқамдағы еллерде ҳәрекетке келди. Олар усындай айып пенен Николай Тихонов, Ғафур Ғулам, Самед Вургун, Якуб Колас, Мырза Турсынзада усаған көрнекли шайырларды да "партия сиясатын жырлады" деп, "көк ешекке терис мингизиўге" урынды. Бирақ, олардың айтқаны болмады. Кайтама, Ташкентте, мәселен, Ғафур Ғуламға жаңа ескерткиш орнатылып, оны Президентимиз өзи ашты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дәўир менен ондай тилде сөйлесип болмайды, ақыры. Қызыл байрақ заманында желбиреди де, жырланды да. Заман да, сиясат та өз исин ислейди, сондай-ақ талант та өз исин иследи: заман шынлығын, турмыс ҳақыйқатлығын дурыс мәнисте күшли илхамланыў менен жазылған қызықлы шығармалар, қайсы дәўирде дөретилгенине қарамастан, жаңа әўладлар менен тил табысып жасай береди.

**Сораў:** Биз, журналистлер, турмыстағы күнделикли ўақыяларға, үлкен мәжилислерге араласпай қалсақ, көзсиз-қулақсыз қалғандай, жазыўдан тоқтап қаламыз. Сиз де соңғы 5-6 жылдан берли бираз ўақыяларды сырттан яки ғалаба хабар қураллары арқалы бақлаўшы болып, көбирек үйге үйир болып баратырсыз. Бул маған Сизиң ертеректе жазған:

“Әй, ўақыт, бол, бол жебеўшим—
Жол ортада мен талықсам,
Демесин әллеким маған:
“Тух, сен артта қалыпсаң”

—деген қосығыңызды еслетеди. Бирақ, шайырдың өзи үйде отырғаны менен сезимлери перилердей ел үстинде ушып жүретуғын болыўы керек. Сизиң, 1989-жылы апрельде жазған “Анемия” дегенге усаған қосықларыңыздың нағыз аўыл турмысының реал көринисинен алынғанын көрип хайран қалған едим. Ал, жақын бир жыл ишинде жәрияланған “Еркин базар”, “Доллар”, “Исбилерменлерге”, “Шайтанның шағымы”, “Компьютер заманының муғаллимлерине” деген қосықларыңызды оқып, жүдә заманагөй шайыр көз алдымызға келди. Талантлы адамға үлкен әнжуманларға қатнаспай-ақ дәўир өзиниң бет пердесин ашады екен. Жас минсе де заманагөй болып қалыўдың сырын ашып берсеңиз?

**Жуўап:** Журналист дәўир руўхын қәлбине сиңдириў менен анық ис-ҳәрекет, фактлер аңлыйды хәм солар арқалы ис-ҳәрекет сүўретлемесин береди. Жазыўшының ойлаў, образ жаратыў усылы, өзине мәлим, басқаша: ол дәўир руўхын сана-сезимине сиңдирип алып, сол заман адамының минез-қулық, ой-пикири, мақсети, умтылысы, психологиясы, оны қоршаған жәмийет хәм тәбият қубылысларын үйренип, өз жүрек сезиминен өткизеди.

Бул ушын шайыр бәрҳама әнжуманларға қатнасыўы шәрт емес. Ҳәзирги заман жазыўшысы дәўир нәпеси менен


www.ziyouz.com kutubxonasi

тыныс алып жасаўы ушын информатикалық қуралдан көп нәрсе жоқ: телевидение, радио, газета, интернет хәм тағы басқа.

Дурыс, ўақтында газетада, муғаллимшилик те, илим-ижад қуўалаўда зыр жуўырып жүрип иследик, түнлерде қәлем шайнап отырып жаздық.

"Үйге үйир болдыңыз" деп таңлансаңыз, ол жақсы ғой. Жазыўшыға ижадий ислеў имканияты үйде болғаны жақсы. Әсиресе, нуранийлық дәўирге киргеннен кейин бул жүдә керек.

Ал, жас минсе де ижадта заманагөй болып қалыўдың журт билмейтуғын сыры жоқ. Өз заманласларың менен бир ҳаўа жутып, бир турмыста жасап, бирге ойлап, бирге толғансаң, олардан илҳам-йош алсаң, заманагөй әрман-тилеклер бийигине олар менен бирге умтылып, бирге гүрес жүргизсең, өзиң қартайсаң да, шайырлық қартаймайды, деп ойлайман.

**Сораў:** Сизге, буннан 15-20 жыл бурын-ақ "И.Юсупов— новатор шайыр" деген баҳаларды әдебиятымыздың ең жоқары маманлықтағы қәнигелери берген еди. ХХ әсир қарақалпақ поэзиясына Сиз арқалы кирген жаңалықлар жүдә көп. Поэзия жанрының көп ғана түрлериниң пайда болыўы, Европа, Азия, әййемги Шығыс поэзиясының үлгиси ме, тилимизге енгизген жаңалықларыңыз ба, булардың бәри даўсыз ҳақыйқатлық. Бирақ, новатор болың, жаңашыл болың, бәрибир Сизиң қосық қатарларыңыз әпиўайылығы, ҳәммеге бирдей түсиниклилиги менен киятыр. "Украина" циклин оқып отырсақ: "Оғы түўесилген сур пулеметти, тарийх тас үстине орнатып кетти" деп, ямаса:

"Әй, сен азат қатын, жаўыз душпаным,
Мына маузер сениң қай туўысқаның,
Үнирейген аўзына қарап ал дурыслап"

"Актрисаның ықбалы"

ямаса:

"Тәбиятты қорлап, жәбирин тартсақ та,
Бузық пейлимизди ақлап жүремиз.
Суў бермей, Аралды өзимиз қуртсақ та,
Аллергияны да соннан көремиз..."

дегендей әпиўайы болып келе береди.


www.ziyouz.com kutubxonasi

Ал, соңғы жыллары бир қатар шайырларымыз қосық қатарларын майдалап, Маяковскийдиң "сынықларына да" усатпай, ярым қара сөз етип жазыўды үрдис етип атыр. В.Маяковский қосық қатарларын мың текшелесе де, уйқасқа хеш қыянет етпегенин көремиз. Жоқарыда сөз еткен қосықларда (кимлердики екенин өзиңиз шамалап отырсыз) уйқас та сақланбайды. Бир-еки мәрте оқымасаң түсиниў, ядлаў жүдә қыйын. Бул да новаторлыққа кире ме? Саўаты орта дәрмиян адамлардың да түсиниўи қыйын бул қосықлар қайсы топардағы оқыўшы ушын жазылады екен? Соңғылығында булар да "улыўмахалықлық" болып кетиўи мүмкин бе?

Жуўап: "Новатор шайыр" тағы басқа усындай бахалаўлар - сыншыллардың иси - солардан сорасаңыз болады.

Дурыс, серлепсең, соңғы дәўирлерде поэзиямызда уйқассыз қосық жазыўшы шайырлар да шығып атыр. Мүмкин, олардың да өз оқыўшылары бар шығар, бийкарлап болмайды. Өйткени, заманның турмыс тәризи кескин өзгерип атырған бир дәўирде жасап атырмыз, жаслардың ой-пикирлеў, әрман етиў, қыяллаў тәбизлери базар қатнасығы, илимий-техникалық өзгерислер тәсирине мейилленип бармақта. Уйқассыз қосықлар да жазылыўы мүмкин. Бирақ, олардың хәр бир сөйлеми шайырлық образ бенен жазылыўы шәрт, хәтте оқыған адам онда уйқаслық жоқ екенин умытып, ләззет алатуғын болсын. Мәселен, орыс поэзиясында Е.Евтушенконың "Мениң анам хәм нейтрон бомбасы" деген поэмасы сондай.

**Сораў:** Гәрезсизлик дәўири шайырлыққа қандай тәсир етип, не имканиятлар берип атырғанын шайырдың өз аўзынан еситкимиз келеди.

**Жуўап:** Гәрезсизлик халқымызға не берип атырса, шайырларға да соны берип атырыпты. Яғный - еркинлик, ықтыяр, сөз хәм ой-пикир еркинлиги, күшли илхам-йош, турмыс хақыйқатлығын тартынбай жырлаў. Ал, бул әнейи дарқанлық емес, бул дарқанлықты сағынып, сарғайып күтип Шолпан, Абдулла Қадирий, Сейфулғабит Мәжитовлар қурбан болып кетти. Бул еркинликти Гафур Гулам, Жолмурза Аймурзаевлар ынтыға күтти. Кеўлиндеги жақсы нийетлерин еркин ықтыярда айта алмаў - бул шайыр ушын жәбир. Бул жәбирден шайырларды қутқарған - мустақиллик, яғный



www.ziyouz.com kutubxonasi

ғәрезсизлик. "Мағнәўият жоқ жерде раўажланыў жоқ,-дейди Президентимиз И.Кәримов, - Мустақиллик тек те нан менен шай емеслигин, ол енди әўели мағнәўий яғный, адамды адам қылатуғын, миллетти миллет қылатуғын түсиник екенин адамлар санасына сиңдириўимиз керек. Усы мәселеде сиз, кәлемкешлер тийкарғы жетекшилерсиз".

Гәрезсизлик дәўир әдебияты бул жазыўшының жүрек ықтыярынан турмыс шынлығын дурыс сүўретлейтуғын әдебият болады. Ол хәзирше қосық, гүрриң, повесть көлеминде туўылып атыр. Оның үлкен, эпикалық шарықлаўлары еле алдымызда. Өйткени, ғәрезсизлик самалы ескен онлаған жыл оның ири шығармаларда дәрелиўине азлық қылады.

Усы туста ескерте кететуғынымыз, ғәрезсизликтиң берип атырған еркинлигин жуўапкерсиз түрде, "яшағай еркинлик, енди не жазсақ әдебият бола береди" деп қараўлар көп ушыраспақта. Бизиң баспасөз, ғалаба хабар қураллары буған абайлы болыўы керек.

**Сораў:** Дурыс, Яратқанға шүкирлигимиз көп, халық қатары еркинликке шығып, демократияның дузын татып атырмыз. Сонда да, серлеп қарасам, Сизде еле де "тартыныўшылық" сезгендеймен. Соңғы ўақытта бир қатар пикирлериңизди Әжинияз шайырдың атына өткерип ямаса "машайықлар айтқан екен" дегенге қусаған "бүркениўшилик" бар. Әлбетте, "ағаш миййўе питкен сайын аласа", адам гейде, күтилмеген уллы пикирлерди айтып салады. Бирақ, Сиз бундай ўақытта: "бул мениң сөзим" деп айтсаңыз, хеш ким гүман туўдырмайтуғын тулғасыз. Сонда "бойды тасалаўдың" не зәрүрлиги бар?

**Жуўап:** Үлкен дарақты саяласаң, ыссыға күймейсең...

Инсан өмиринде базда кисиге айтқың келмейтуғын, өзиң менен өзиң сөйлесетуғын қолайсыз, хәтте трагедиялық қайғылы, жабырқаңқы сезимлер де болады. Ондайда шайыр да тил таппай, гүниренип қалатуғын пайытлары болады:

Кеўил алғаў-далғаў, жүреклер сазып,
Бүлбил қус уясы қалды қулазып.
Жүк артайын десем, қәтеби жазық,
Көш артында жайдақ нарым бар мениң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Адамларға айтсам, сөзим келиспес,
Айнаға қарасам, жүзим келиспес.
Саз шертейин десем, сазым келиспес,
Келисиксиз намаларым бар менин...

Шайыр бундай сезимлерди қосықта купыялап айтса да, қосықты оқыған адамның да кеўил сезимлерин тербеўи лазым. Және айтаман, Әжинияз шайыр - үлкен дарақ, байтерек, оған тасалансаң ыссыға күймейсен, еркелигиңди де көтереди... Усыларды аңлаған сениң сезгирлигиңе қайылман!

**Сораў:** Бурынлары әдебий сын жер тепсинип бир жерде турып қалды деп налыйтуғын едик. Енди оның тепсингендеги сести де шықпай қалғанға қусайды. Мен бул гәплерди Жанызақ Есеновтың 2003-жылы баспадан шыққан "Поэзия жулдызын" оқып, билип турып айтып атырман...

Ҳәзир жаңа шығармаларды бастырып шығарыў "ийне менен қудық қазғандай" қыйын болып кетти. Шыққанларының да тиражы оғыры аз. Әдебий шығармаларды сынаў-минеў ямаса оны үгитлеў-нәсиятлаў усы барыста даўам ете берсе: "бизде өзи шайыр қалды ма?" дегенге тақаламыз. Бул мәселелердиң келешегин бир башарат етип берсеңиз?!

**Жуўап:** Ҳәзирги дәўирде әдебий сын менен кәнигели түрде шуғылланып, әдебияттың хәм жәмийетшиликтиң кеўлинен шығып жүрген алым әдебиятшы сыншылар жеке сийрек. Соннан пайдаланып, әдебий сын менен дус келген киси шуғылланып кетти.

Буның баслы себеплериниң бири - өзиңиз айтқан әдебий шығармаларды басып шығарыўдың қыйыншылығы. Елимизде экономикалық реформалардың жедел иске асырылып атырғаны бул мәселени шешиўди де тезлетеди деп үмит етемиз.

**Сораў:** Күншығыста шайырлар өзине лақап (тақаллус) таңлап, оны қосықта өз атынан да көбирек ислететуғын дәстүр де бар. Сиз өзиңиз "Ашық Аяз" деген лақапты неге тийкарланып, қайдан алдыңыз?

**Жуўап:** Орталық (Орта) Азия аймағындағы түрк тиллес халықларда Аяз бий (Аязхан) ҳаққында кең тарқалған



www.ziyouz.com kutubxonasi

ертеклер бар. Әдиллик, халықшыллық, кишипейиллик, даналық, демократия жөнинде ертеде халық қалай түсинип, әрман қылса, Аяз бий образында жүдә айқын сүўретлеп берилген. Ертекте айтыўынша, дәстүрге муўапық "дәўлет қусы" ушырылып, ол кимнин басына қонса, сол хан боладымыс. Ол қус шопан Аяз деген жигиттиң басына қонады. Аяз елге хүкимдар болып, қараман ағаштан өзине тахт соқтырып, қарсы алдына дийўалға жынғыл қазық қағып, соған шопанлықта кийген гөне шарқын (аяқ кийимин) илдирип қояды хәм оның астына "Аяз, шарқыңа бақ!" деп жаздырып қояды. "Сиз елдиң патшасы болдыңыз, неге алтын тахтқа минбей, ағаш тахтта отырсыз?" деген ўәзирлерине: "жесир қатын жүз қой айдаған заман болғаннан кейин алтын тахтқа отыраман" деп жуўап береди.

Маған бул образ ертеден-ақ оғада қызық көринеди. Ақшакөлдиң бойындағы Аязқалада бир болғанымда бул образды өзиме шайырлық лақап қылып алғанман. "Ашық Аяз" дегенниң мәниси, түркий халықлардың көбисинде "ашық" сөзи шайыр, бақсы, хош хаўаз қосықшы деген мәниде қыссаларда көп ислетилген.

Аса хүрметли жасы үлкеним, поэзиясының алдында пүткиллей жүгинген шайырым болғаныңыз ушын Сизге сораўларды бир жағынан "қайраў" ушын, екинши жағынан, әдебиятымыз әлеминде жүз берип атырған бир қатар машқалаларға Сизиң ашық-айдын пикириңиз зәрүр болып турғанлықтан, қаттырақ сораўға жүрек еттим. Даўысым бәлентирек шыққан болса, әпиў еткейсиз!

Сөзимди Сизиң Аббаз шайырға Украинадан хат" қосығыңыздағы:

"Шайыр кеўли картайыўды билмейди,

Ол бир дарақ, қысы-жазы гүллейди" деген қатарларыңыз бенен жуўмақлай отырып, 75 жасыңызда жазған, жоқары көркемликтеги, реализм руўхында суўғарылған "Ўатан топырағы" поэманызға усаған шығармаларыңыз патшалығын жарата бериўиңиз ушын Яратқаннан Сизге узақ өмир, беккем денсаўлық сорап қаламан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ШАЙЫР МЕНЕН ХОШЛАСЫЎ

**Өзбекстан Қаҳарманы Ибрайым Юсупов**

Өзбек әдебияты ҳәм мәдениаты аўыр жоғалтыўға ушырады. Усы жыл 24-июль күни Өзбекстан Қаҳарманы, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры, белгили әдебиятшы ҳәм аўдармашы Ибрайым Юсупов аўыр кеселликтен соң 79 жасында дүньядан өтти.

Ибрайым Юсупов 1929-жылы Қарақалпақстан Республикасының Шымбай районында туўылды. 1949-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтын питкергеннен кейин мийнет жолын усы институтта оқытыўшылық етиўден баслады. Шайыр мазмунлы өмир ҳәм дөретиўшилик жолын басып өтти. 1961-1988-жылларда «Әмиўдәрья» журналының бас редакторы, Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамының баслығы, Қарақалпақстан Республикасы Орайлық газетасының бас редакторы лаўазымларында жемисли мийнет етти. Буннан кейин ол Қарақалпақстан Тынышлықты қорғаў комитетиниң баслығы, Руўхыйлық ҳәм ағартыў орайының басшысы сыпатында хызмет көрсетти.

Ол қай жерде ислемесин, өзиниң шөлкемлестириўшилик уқыбы, билими ҳәм тәжирийбеси менен ел-журт алдында үлкен абырай ҳәм ҳүрметке бөленди.

Ибрайым Юсупов 60 жылдан аслам ўақыт дөретиўшилик жумыс пенен белсене шуғылланды. Оның дәслепки қосықлары 1946-жылы республиканың орайлық басылымларында жәрияланды ҳәм өзиниң лиризми және өзине тән өзгешелиги менен жәмийетшиликтиң нәзерине түсти. Буннан соңғы жылларда «Бахыт лирикасы», «Күншығыс жолаўшысына», «Ойлар», «Жети асырым», «Дала әрманлары», «Кеўил кеўилден суў ишер», «Йош» усаған бирқатар қосықлар топламлары ҳәм дәстанлары басып шығарылды. Оның көплеген шығармалары өзбек, рус, украин, қазақ ҳәм басқа да тиллерге аўдарылып, әдебият ықласбентлери арасында үлкен абырайға ийе болды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Белгили әдебиятшы көркем аўдарма саласында да табыслы мийнет етти. Ол Әлийшер Наўайы, Шекспир, Гете, Байрон, Пушкин, Мақтумқулы, Шевченко, Самед Вургун, Ғафур Ғулам усаған шайырлардың шығармаларын қарақалпақ тилине жоқары шеберлик пенен аўдарып, өзине тән дөретиўшилик мектеп жаратты. Ибрайым Юсупов мехрибан ҳәм талапшаң устаз сыпатында көплеген жас дөретиўшилердиң талантын жүзеге шығарыў жолында да жанкүйерлик пенен хызмет етти.

Ибрайым Юсуповтың таланты әсиресе ғәрезсизлик жылларында тағы да бәлентке көтерилди. Өзиниң бирқатар қосықлары ҳәм дәстанлары, публицистикалық мақалалары менен азат хәм еркин турмысымызды, елимизде жүз берип атырған түпкиликли өзгерислерди үлкен мақтаныш пенен жырлады.

Ибрайым Юсуповтың әдебий ҳәм жәмийетлик хызмети мәмлекетимиз тәрепинен ылайықлы баҳаланып, ол «Өзбекстан Қаҳарманы», «Өзбекстан халық шайыры» хүрметли атақларына миясар болды.. «Эл-юрт хурмати», «Дослық» орденлери менен сыйлықланды.

Өзбек ҳәм қарақалпақ халқының ардақлы шайыры, әжайып инсан, садық дос, мехрибан устаз Ибрайым Юсуповтың жарқын естелиги жүреклеримизде бәрҳама сақланып қалады.

**И.Кәримов, И.Сабиров, Д.Ташмуҳамедова, Ш.Мирзиёев, М.Ерниязов, Х.Султанов, А.Арипов, Т.Қайыпбергенов.**



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӨЗБЕКСТАН ЖАЗЫЎШЫЛАР АЎҚАМЫНАН ТЕЛЕГРАММА

*Қарақалпақстан Жазыўшылар*
*аўқамының баслығы*
***Т.Қайыпбергеновқа***

Өзбекстан Жазыўшылар аўқамы, барлық өзбек жазыўшылары ҳәм жеке өзимниң атымнан атақлы қарақалпақ шайыры, Өзбекстан Қаҳарманы Ибрайым Юсуповтың қайтыс болыў мүнәсибети менен қарақалпақ халқына, марҳумның шаңарақ ағзаларына терең ҳәмдәртлик билдиремен. Ибрайым аға өзбек халқы ҳәм өзбек әдебиятының, Ғафур Ғулам, Айбек ҳәм басқа уллы устазларымыздың ең жақын досты, көп ғана өзбек шайырларына устаз дәрежесиндеги уллы инсан еди. Атақлы шайырымыздың халықлық мотив ҳәм Шығыстың данышпанлығы менен суўғарылған қосықлары қарақалпақ ҳәм өзбек халықларының мәнаўий мүлки болып қалыўына гүман жоқ!

### БИР КЕЛДИ...

Кимдур, қайта несип етсе бул дүнья,
Былай жасарем, деп өкиниш етти.
Кимгедур бул әрман керекти, лийкин,
Ибрайым дүньяға бир келип кетти.
25-июль 2008-жыл.

***Абдулла Арипов***
*Өзбекстан Қаҳарманы,*
*Өзбекстан Жазыўшылар*
*аўқамы баслығы*

## ЕКЕЎИМИЗ ДЕП ЖҮРИП ЕДИМ...

Әдебият майданына бирге кирип, өмиримиз даўамында Төлек-Ибрайым болып атымыз бирге аталған, туўысқан халықлардың атақлы жазыўшы-шайырлары биримизди көрсе биримизди сораған, халқымыз қос Байтерек деп



www.ziyouz.com kutubxonasi

хүрмет еткен достым Ибрайымның бүгин арамыздан кетиўи мен ушын үлкен жоғалтыў болды.

Оның мәңгилик поэзиясын мәмлекетимиз халықлары ғана емес, түркий тиллес халықлар да мойынлады. Ибрайымның уллылығы өзинин де, қосығының да әпиўайылығында еди.

Екеўимиз деп жүрген едим, бүгин бийик шынарымыздың бири мәңгиликке жол алды. Топырағың торқа, жайың жәннетте болсын, қәдирданым!

***Төлепберген Қайыпбергенов,***
*Өзбекстан Қаҳарманы, Өзбекстан*
*ҳәм Қарақалпақстан халық жазыўшысы.*

## ӘДИЎЛИ УСТАЗЫМ

Бүгин биз, толайым журт уллы руўхыятымыздың уллы тулғасы Ибрайым аға менен хошласып отырмыз. Биз уллы шайыр менен бир заманлас, бир тәғдирлес болып дүньяға келгенимиз ушын, ини болып изине ергенимиз ушын Яратқанға шексиз миннетдармыз. Қалаберсе, уллы адамның изине ериўдиң өзи қаншадан қанша жуўапкерли ис екенин де түсинемен.

Иним,-деп бизиндей нешше баланы,
Айырып таныттың ақты-қараны,
Сиз жаратқан мәнаўият мектептен,
Еле санмың әўлад тәлим алады.

Ол киси бизди, өз шәкиртлерин биринши гезекте мынадай болыўға үйретти:

Жоқ тәғдирде: «Ерте ўақыт», «Кеш ўақыт»,
(Қәне бола берсе мудам «Хош ўақыт»),
Болың десе халық қурбаны болынлар,
Даңқ қурбаны болман, дедиң ҳеш ўақыт.

Қәйткенде де тәғдир исине илаж жоқ.

О, әзийз үммети Яратқан Ҳақтың,
Мине, таўсылыпты бәрхаят ўақтың,


www.ziyouz.com kutubxonasi

Бирақ таўсылмайсыз, Сиз—мәңги булақ,
Шайыр Ибрайымы Қарақалпақтың.

Хош болың, әдиўли Устаз!

***Улмамбет ХОЖАНАЗАРОВ,***
*Қарақалпастан халық шайыры.*

## ИБРАЙЫМ АҒА ҲӘММЕНИҢ УСТАЗЫ ЕДИ

Өзбекстан Қаҳарманы Ибрайым аға Юсупов көп халықлардың сүйип оқыйтуғын қәдирдан шайыры еди. Ол ҳаққында балқар шайыры Қайсын Қулиев: «Мен бул кисини оригиналда оқыйман. Себеби, ол түркий халықлардың пайғамбары» деген еди. Сол айтқанындай, Ибрайым аға басқа халықлардың белгили шайырларының да устазы болды.

Бул инсанның әжайып тәкирарланбас таланты, сол талантына бола өзиндеги инсаныйлық, адамгершилик қәсийетлери, кеңпейиллиги көпшиликти қасына жәмледи. Бул кеңпейиллик оның поэзиясында да жарқырап көринип турды. Қосықларындағы көркем образ арқалы қосықтың күши, сезимталлығы асып барды. Ол Өзбекстан Қаҳарманы болғанда да елимиздиң ғаррысы менен жасына шекем қуўанды. Әлбетте, сонда Ибрайым ағаның баладай қуўанғаны еле көз алдымызда. Әсиресе, туўысқан халықлардың белгили шайырларының дөретпелерин қарақалпақ тилине аўдарып, халқымызға таныстты. Башқурт шайыры Мустай Карим, авар шайыры Расул Ғамзатов, түркмен шайыры Мақтумқулы ҳәм басқа да халықлардың атақлы шайырларының дөретпелеринен исленген аўдармаларында поэзиялық лапыз жоқарылаєа жоқарылады-дә, бирақ шығармаларының қуны төменлемеди.

Ибрайым аға ақылласатуғын, кеңесетуғын, пикирлес ағамыз еди.

Илайым, жайыңыз жәннетте болсын!

***Нажиматдин Аңсатбаев,***
***Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан***
***халық артисти, Бердақ атындағы***
***мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты.***



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ХОШЛАСЫЎ

Жасамағы бир Алладан бендениң,
Ғәниййметдур сизди танып билгеним,
"Ҳанды да сыртынан айтқан", бирақ та,
Сизди жаманлаған адам көрмедим.

Мақтымқулы, Әжиниязға бейимли,
Сөз зергери едиң илгир зейинли,
Ата-анаға арқа сүйеп кеткендей,
Қосық жетим қалар сизден кейинги.

Дәўириң өтти көзди ашып-жумғанша,
Уйықла устаз, талыққансаң бирқанша,
Поэзия жасар енди шөлиркеп,
Заман жаңа Ибрайымын туўғанша...

***Муратбай Нызанов***
*27-июль 2008-жыл*

## ЖҮРЕГИМДЕ ҲӘСИРЕТТИҢ ДАҒЛАРЫ

Жүрегимде ҳәсиреттиң дағлары,
Келдимекен қайғы, муңның шақлары.
Сен өтип дүньядан
Қарақалпақтың,
Қаңырап қалды поэзия бағлары.

Қосықларын елиң,
халқың ҳаққында,
Туўған жериң болды тахтың, бахтың да.
Қәпелимде өте шықтың өмирден,
Көкирегине алтын жулдыз тақтың да.

Үйиңизден Шыңғыс, Расул дуз татты,
Олар өлип жаныңызға муз қатты.
Болмағандай бәри кетти өтти де,
"Сениң жигит ўақтың,
оның қыз ўақты".



www.ziyouz.com kutubxonasi

“Дузлы самаллардан” далам сырдандай,
Бүгин оған дүнья бетин бурғандай.
Акациялар алдындағы үйиңнин,
Сени жоклап,
Сыңсып жылап турғандай.

“Үмит жағысына” қонды тырналар,
Бул жерде де еле гүллер ырғалар.
Өзиң өткен менен мынаў әлемнен,
Сениң шайыр жаның мәнги нурланар.
“Жети асырымды” оқып қарасам,
Кеше сен де “Йош”лы болған баласаң.
Қыз минезли,
шийрин сөзли әжайып,
Поэзияның султанысаң,
Данасаң.

Айтылмаған сеннен сөз де қалмаған,
“Аласатлы дүнья” бәрин жалмаған.
“Қарындасқа турған Әмиў бойында”
Жан бар ма екен бир нәзерин салмаған.

“Мен өмирге ашықпан” дым дер един,
Шайыр едиң,
Азамат ең,
Ер едиң.
Жоқлығыңнанбекен бүгин елиме,
Өзгешерек сезилип тур керегиң.

Аққуўыең Аралымның,
Көлимнин,
Суўсыны еди поэзияң шөлимниң,
Бүгин сени соңғы жолға шығарып,
Қабырғасы қайысып тур елимнин.

Шарасы жоқ бул тәғдирдиң исинин,
Мәнги қалар елде сениң исимиң,
Әсирлер де өтер,
бирақ хеш қашан,
Орны толмас Ибрайымдай кисинин.

*Сағындық Нийетуллаев*
*25-июль 2008-жыл*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## УСТАЗ ИБРАЙЫМ ЮСУПОВ ЖЕРГЕ БЕРИЛГЕН КҮНИ ЖАЗЫЛҒАН ҚОСЫҚ ЯМАСА ДОСТЫМ ҚУЎАНЫШБАЙ ОРАЗЫМБЕТОВ ПЕНЕН СЫРЛАСЫЎ

Бир Алладан бийжуўап жақсы қосық жазылмайды,
Деми таўсылмағанша бендеге жай қазылмайды.
Жүректен жақсы қосық жан менен бирге шығады,
Ол - тәнге жан жетелеген Тәңриниң сазындайды...

Бахтыярда қосық жоқ. Қарақалпақтан Жыр кетти...
"Тирилерден" түнилип, бул дүньядан Тири кетти.
Енди ғана ер жеткен Поэзия жетим қалды,
Шайырларды жылатып Уллы Ибрайым Пирим кетти...

Ўаҳ!... Жоражан, кәйтейин, жүрегим музлап атыр,
Әлле нәрсе сызлатып ҳәм тилкимлеп дузлап атыр...
Өзим ғана аңлайтуғын, өзим ғана түсинген,
Аскар таўын жоғалткан бир Әлем бозлап атыр...

Сум әжел, бул қара жер жақсыларға тоймады бир,
Адамлар Сорша көксин ойғанын ҳеш қоймады бир.
Жүреклердиң төрлеринен орын алған ағамлар,
Эй, Жаратқан! Кең дүньяға неге, неге сыймады бир?!..

Мен бүгин бул Соршада бир кәрамат - Сезим көрдим,
Ағамның жер жайында Ҳақыйқаттың көзин көрдим.
Аршы Әлем Ағласына Периштелер алып ушты,
Пийримди қушағына қолым менен өзим бердим...

Бул дүньяға, жоражан, айтатуғын арызым көп,
Өзим билген ҳәм билмеген өтеўим шәрт парызым көп.
Пүткил өмирим даўамы желкемде Қылыш турар,
Уллы Ибрайым шайырға жақсы қосық қарызым көп...

***Бахтыяр Генжемуратов***
*Нөкис, Сорша.*
*27-июль 2008-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ШАЙЫРСАҢ

Шайыр Ибрайым аға Юсупов пенен хошласыў

Қолға алып, уста баба сүргисин,
Гөззаллыққа безеп сөздиң түр-түсин,
Шайырлық өнердиң гәўхар үлгисин,
Жаңалап, жаңғыртып ашқан шайырсаң.

Қурал етип хасыл сөздиң семсерин,
Туўған елдиң ары ушын сермедиң,
Шайыр сәрдарлығын қолдан бермедиң,
Даңқыңды дүньяға жайған шайырсаң.

Ҳақтан илхам алып, мәўиж урып ғайрат,
Бәршеден бәлентлеп шайырлық айбат,
Сахрайы халқыңа бүлбилдей сайрап,
Хаўазды жәҳәнге шашқан шайырсаң.

Сөзден маржан терип, өсирдиң гүллер,
Намасынан естен кетип бүлбиллер,
Йошлы жүрегиңнен шашылып дүрлер,
Мыңлардың алғысын алған шайырсаң.

Жаслықтан үйренип қосық сырларын,
Тәриплеп журтыңның ойы-қырларын,
Өмир бойы ел әрманын жырладың,
Халқыңа қәлбиңди берген шайырсаң.

Тулға перзентисең уллы Туранның,
Халқыңнан күш-ғайрат, жолға-нур алдың,
Сөзин жазып Гимн атлы ураннын,
Елиңе саўғаға тартқан шайырсаң.

Үббинияздың сени көргени дәўлет,
Өмиринше сабақ - сен қурған сәўбет,
Жетисип сен еткен әрманға нәўбет,
Руўхың шад етип кеткен шайырсаң.

***Үббинияз Әширбеков***
*27-июль 2008-жыл*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МӘҢГИЛИККЕ АЙЛАНҒАН МИЙРАС

Ол, өз заманласларына усамайтуғын өзиншелик жол тaўып, Шығыс классикалық қосықшылық үлгиси менен заманагөй дөретиўшилик усыллардан жаңа гибрид, жаңа нағыз халықлық поэзия дөретип, екинши жер жүзилик урыстан кейин жараланған жүреклерди даўалаўшы, бәлент лапызлы шайыр сыпатында өткен әсирдин алпысыншы жыллары кеңнен таныла баслаған еди. Сол дәўирде, яғный буннан саррас қырық сегиз жыл бурын, өз халқына қарата:

Саў бол халқым! Сен дегенде,
Бир күш пайда болар менде.
Саған қыянет еткенге
Сыбаныўлы билегим бар.

Ибрайым дер: жаным қурбан,
Дослық десе ҳаллас урған,
Сениң ушын соғып турған
Геўдемде бир жүрегим бар,

—деп сүренлеген уллы шайырдың жүреги усы жылдың 25-июлине қараған түн жарпында мәңги тоқтады.

—Қәйним, ағаң қатты қысылып атыр!—Бул, Гүлсара жеңгейдиң телефоннан албыраклап шыққан даўысы еди. Соның арасында сөз бөлинип қалды. Телефон ашық еди. “Халийлла, Халийлла, көзинди аш, көзинди аш” деп ҳаўлыққан даўыс еситилди. Жеңгей үй ишиндеги қарым-қатнаста шайырға “Ибрайым” демейтуғын, ал хәдислерде айтылатуғын Ибрайым-Халил пайғамбарымыз атының кейинги қосымтасы менен атап “Халийлла” дейтуғынын билетуғын едим.

Жүрегим сызлап кетти. Денсаўлықты сақлаў министриниң биринши орынбасары Атажан Ҳамраевтың қол телефонына шығып, тез жәрдем шөлкемлестириўин сорандым да, жолға шықтым. Әттең, емлеўханаға апарды деген аты болмаса, мениң изимше жетип келген жақын инилери



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жумамурат Әбдимуратов ҳәм Нажиматдин Ансатбаевлар менен бирге алып қайттық. Аллатаала сүйген бендесинин жанын көп қыйнамай алған екен.

Бул ўақытлары Ибрайым ағанын перзентлери де (еки ул, үш қыз) жетип келген еди. Гүлсара женгейдиң бозлаған даўысы еситилди. Шайырдың 2002-жылдын апрелинде жазған "Келген болды ма" қосығындағы:

Қанаты суў болған сүйлиндей мысал,
Жасың қайтса, шалқып ушалмас қыял,
Қәбриннин басында бир жақсы ҳаял,
Жылап қалмаған соң, өлген болды ма..,

—деген қатарлары ядыма түсти.

Әй, әдиўли шайырым! Тап усыларды да алдыннан болжап жаза берген екенсиз дә!? Мен ҳәзир Сиз туўралы не жазбақшы болып, қандай ойға берилсем де, ҳәр бир ўақыяға байланыслы жазып қалдырған даналықларға толы қосық қатарларыңыз ядыма келе береди. (Тирилигиңизде: "Менин ҳәтте ерте жылларда жазған қосықларымның да көпшилигин Шарап ядтан биледи", деген марапатларыңызға қысынып отыратуғын едим...).

Өзи жасап өткен сексен жылдан аслам дәўир ишинде туўған халқының әдебияты менен мәдениятында **"Ибрайым Юсупов дәўирин"** пайда еткен, елдиң саўлаты ҳәм айбаты болған шайыр неге тап усы ўақытта, ғәрезсизликтиң миййўалары аўзымызға түсе баслағанда кетип қалағойды, деген ойға берилиўден, оның еле 1972-жылы жазылған:

Саған—ақыл, мийнетим, күшим,
Озық ойым, бийик әрманым.
Өз ўақтында туўғаның ушын,
Рахмет саған, заманым,

—деген қосық қатарлары кино лентасындай өте баслады.

Мен, енди болмаса Яратқан ийемизге әсий болайын деп тур екенмен. Халыққа уллы перзентлерди қайсы ўақта бериў, шайырдың сол ўақыт жағдайы менен айтқан "заманына" (Аллатаалаға) байланыслы екенин умыта жазлаппан.

Уллы Әжинияз бабамыз көкиреги дәртке толып, "Дәўран болмады" деген қосығында:



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сәнемлер қолында тилла саз едим,
Хәўижге келтирер жанан болмады.
Туғырымда талпынған алғыр баз едим,
Қәлпе-сайядларым маман болмады.

—деп яғный, мен жасаған дәўирде мениң топлаған сонша билимим менен илимимди, инсаныйлық пазыйлетлеримди халық басқарыў исине, ел хызметине жумсағандай ел ағалары болмады. Мен туғырымда әл-ҳаўаға талпынып турған қус едим. қәлпе-сайядларым билимсиз болды, деп налыған болса, Әжинияздан саррас 100 жылдан соң Ибрайым Юсупов дүньяға келди.

2004-жылдың августында Ибрайым ағаға Өзбекстан Қаҳарманы атағы берилгеннен кейин, мениң ол киси менен жүргизген сәўбетим (интервьюим) "Еркин Қарақалпақстан" хәм "Ўзбекистон адабиёти ва санъати" газеталарында жәрияланды. Мен онда: "Академик Ж.Базарбаев пенен быйылғы ҳайт байрамы күни Сизди қутлықлап келгенимизде, сөзиңиздиң арасында "Мениң жылым—Барыс болса керек" деген едиңиз. Сонда Сиз 1926-жылы туўылған боласыз", деген сораў берип едим. Шайыр оны бийкарламады да, бирақ "қолдағы рәсмий ҳүжжет—паспортларға жүгингенбиз ғой" деген жуўап қайтарған еди. (Бул ҳүжжет бойынша ол 1929-жылы туўылған).

Аймалаған сен аямсан,
Таллы жағыслы саямсаң,
Мен қус болсам, сен уямсан,
Аўзымдағы мәргиямсаң,
Анам, Шымбайымсан мениң,
Ким сағынбас туўған жерин.

—Мине усылайынша Шымбайдың Азат аўылында дүньяға келген шайыр туўылып камалға келген жер ушын, әзийз халқын, мәңгиликке паянлы Ўатаның ушын кимсең, қалай хызмет етиўиң керек деген сораўларға:

Не бол десең тайын болдым,
Билим қуўып сайыл болдым.
Қызларың Зухра болғанда



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мен ышкында Тайыр болдым,
Ең изинде шайыр болдым,

—деп өзиниң перзентлик есап-санағын жайып таслайды. Соның менен бирге, сен усы бир орпаң топыраклы аўылдан өсип шығып, қандай лаўазымға, қандай мәртебеге ериссең де:

Несийбең мың жортсадағы,
Көп жерге дуз тартсадағы,
Даңқ-мәртебең артсадағы,
Туўған жер ушын баласаң,
Оған бас ийип барасаң,

—деп ата-бабамыздан мийрас болып киятырған мәдениятлылық, ақыл-зейин ҳәм кишипейилликти умытпаўға шақырады. Солай етип, Шымбайдың қақ ортасын жарып өтип турған Кегейли каналының бойында:

Жазда қайырында ойнап қырғалақ,
Қыста музларында тептик сырғанақ,
Кекили гүзелген, мойны ырғамақ.
Қара бала ядыңдама Кегейли,

—деп жырлап өскен жас шайыр дөретиўшилигиниң шеңбери кеңейип, пайтахтты "жаўлап алыў" ушын қәдем таслады. Пединститутттың студенти болды. Әдебият теңизиниң толқынлары оны түпсиз тереңлерге, айбатлы тик жарларға қарай айдады. Басына шайырлық дебдиў менен қоса ашықлық ҳәсиретлери түсти. Өзиниң буннан сегиз жыл бурын жазған "Ырым" деген қосығында өмирдиң қатал ҳақыйқатлығын жасырмай былай жазды:

Анам айдарымды сыйпап отырып,
"Үш орайың бар..." деп күлгени есте,
Ол ойлаған: балам дәўранды сүрип,
Қатара үш отаў тигер, деп өссе.

Бул үш айдар ырымы рас болып шығады. Ғыршылдаған жас жигит ўақтында ашық болған Бийбизада гөззалдың (атақлы ақсақал Мәтеке Жуманазаровтың қызы) изинен



www.ziyouz.com kutubxonasi

ТашГУге бара берип “Менин жигит ўақтым, сенин қыз ўақтың” қосығы туўылды. Қыздың назы қарақалпақ поэзиясында келешектеги уллы шайыр тили менен мәнги өшпес муҳаббат поэзиясының жоқары үлгилерин пайда етеди.

Соңғылығында:

Маған соңғы хатты жазып албырап,
Қорқақ қолың почтаға әкеп таслады.
Менсиреди ҳадал кеўлиң, ал бирақ,
Мендей етип сүйе алмады басқаны.

—деген қатарлар менен өш алса да, шайыр поэзиясын избе-из көзден өткерген адам Ибрайым—Бийбизада жуплығы, олар бастан кеширген муҳаббат, бирге сүрилген дәўран әсирден әсирге әпсанаға айланып, бахытлылық үлгиси болып қала береди. Женгей әлемнен биймезгил өткеннен кейин шайыр:

Сереңе дөнейин гүл жүзли пери,
Ашықлық жылларым ядыма түсти.
Ғошшақ жигит, гөззал қызлардың ели,
Кегейли бойлары ядыма түсти.

Анасын көргенде ийбенип қарап,
Әкесин көргенде турдым албырап,
Сол бир қыздың тулымшағы салбырап,
Қыз болған жыллары ядыма түсти.

—деп үлкен инсаныйлық иззет-ҳүрмет, өшпес сағыныш ҳәм гөззал туйғылар менен еслейди. Шайыр өзинин өмириндеги күтилмеген дуўшакерлесиўлерге жуўмақ жасағандай, “Епке келсе, ашық болмай жасаңлар” қосығында:

Үш қумар көз бизди тутқынға алды,
Екеўи жумылды, биреўи қалды.
Ол ҳәм бизди тутып кәпеске салды
Қанша талпынсам да босай алмадым,

—деп, тәғдир тақазасы менен еки женгемиздиң биймезгил көз жумғаны ҳәм үшиншисине де шын жүректен кеўил



www.ziyouz.com kutubxonasi

койып, оның "мухаббат кәпесинен" шыға алмағанын, яғный, "ашық болмай" емес, әлбетте өле-өлгенше бул пәний дүньяға, адамзатқа, адамға ашық болып жасаў керек, дегенди уғындырады.

Уллы шайыр соңғы таңламалы шығармалары топламының атын "Өмир саған ашықпан" деп қойып еди. Ҳақыйқатында да ол сондай инсан еди. Бизлерге әпиўайы болып көринген нәрседен ол гөззаллық излеп табатуғын еди. Еле, 60-жылларда канн гүллерин егиў жаңа үрдиске айланғанда, "Нөкистеги канн гүллерине":

Канн гүллери!
Ақ таўықтың қанындай
Халқым сүйген қызыл ирең-қырмызы!
Мен сүўретши болсам егер Сарьяндай,—
...Холостымды қурып үлкен майданға—
Жүрегимдеги қаныма
Кистимди мен батырып,
Шөлде өскен қаланың кең фонында
Сүўретинди салар едим қатырып,

—деген қатарларын оқығаннан кейин, канн гүллерине, улыўма гүл әўладына, әтирaптағы гөззаллыққа үңилиңкиреп қарайтуғын болдық.

Шайырдың "Машиналар жолға шығады" деген романтикалық, оқығанында жүрегинди тастырып жиберетуғын, әсиресе жас жигит-желенлерде келешекке талпыныў, халық өтмиши менен бүгинин қәдирлеўге йошландыратуғын қосығы бизлер жоқарғы курс студенти ўақтымызда қолымызға түсти. Жазғы демалыста Ташкенттен аўылға усы қосықты алып қайттым. Жалғасбай деген класслас достым бар еди. Жүдә бир дәртли, өзиниң орнын ҳәм баҳасын билетуғын жигит еди. Бирақ, хожалық жағдайына бола шофер болды. Класста бирге жүрген қызы "сен шоферсаң" дегендей оған терис қарап жүр екен. Әсиресе, қосықтағы:

Қызығаман мен шоферларға,
Олар шерик бир намыс-арға
Көз қамасып түнде фараға



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сәўле арқалы сөйлескенлери
"Шофер бол!" деп үгитлер мени,

—деген қатарларын еситкенинде: "усыны Улбосын оқып көргенде ме" деп, көзиниң жасы дөңгеленип кеткени еле ядымда. Бул тек бир ғана мысал. Бул уллы инсан қәлеминен шыққан дөретпелер ярым әсирден аслам ўақыт даўамында қанша жүреклерге мәлхам болды, қанша тас баўырларды жибитти. Туўылған мәканын космослық бәлентликлерге көтериў ушын:

Дәрьялық ақшамы. Ай шомылмақта,
Қамыслар баслады хор капелласын.
Шырақшы отлары жанар узақта,
Менде қәлемиме қыламан қысым.

—деп йош тулпарын аяўсыз қамшылады. Оның ақ көбигин шығарып, халық ийгилиги ушын узақ айлаўларға қосты. Сөйтип ол 1963-жылы жазған "Ўатан" қосығында:

—Жулдызларға ракеталар кәрўанын тартып,
Мәгар қайсы планетаға салар болсам из,
Сағынаман сен арқалы Жерди қумартып,
"Мен сениң бир шыбығыңман, жасаў жоқ сенсиз",

—деп яғный, еле жас жигит ўақтында усылайынша кесип айтқан еди.

Шайырдың денеси өзи туўылған ана топыраққа қарысып, руўхы иләхиятқа, шығармалары мәңгиликке айланғанына да мине еки хәптеге қарап баратыр. Оның арамыздан кетиўи менен қайғыға буўлыққан қарақалпақ халқы ендиги Ибрайымның 100 жылды күттирмей, тезирек пайда болыўына үлкен үмит байлап жасамақта.

Ол "Мақтымқулының жолына" деген қосығында:

Устасы дүньяға бир келген ғалы,
Сатып ала билмес, дүньяның малы
Сәти түсип, оңнан турмай самалы,
Атылмаған қырманбысаң, несең сен,

—деп жазған болса, оның өзиниң артында қалған шығармалары еле толық атылмаған, самалы оңынан келсе ишинен небир ғәзийнелер шығатуғын қырманға айланды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Халкымнын әзийз шайыры, кәдирдан ағам, бүгин уллылык липасын кийген бәлент тулғам! Екинши жер жүзилик урыс себепли набыт болған туўысқанын Мәденди еслеп жазған "Таллы жағыстағы еске түсириўлериң"де:

Әкесин сағынған балалардайын,
Солкылдап турдыңыз көрсем хәрдайым,
"Кел, биз бенен бирге сырлас Ибрайым"
Деп түсимде шақырғандай боласыз",

—деп жазған қатарларың енди тек Мәденге емес, өзине де тийисли болып қалды. Күн өткен сайын жоклығын батып, қәдириң артып, уллы таўлардың шоққысындай қашықлай бересең, халқыңды сағындыра бересең. Енди сениң әдебий дөретпелериң ана халқыңның, сениң қосықларыңсыз жасай алмайтуғын оқыўшыларының, еле сениң менен заманлас бола алмай, дийдарыңды тиринде көре алмағанына өкинишли келешек әўладтың меншигине толық өтип, ата мийрасына айланды.

Ҳәр сапары кешеўиллеп хабар алғанымда "сағындырып жибердиң ғой" деп көксине басатуғын мехрибаным, енди жатқан жериң жайлы, руўхың шад болып, шарапатын халқыңа тийе берсин. Мийрасхорларың мәнги қәдирлей берсин!

***Шарап Уснатдинов***
*Жазыўшы, Қарақалпақстанға*
*мийнети сиңген журналист*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## "КЕЎИЛ АСПАНЫНДА ЖУЛДЫЗЛАР СӨНИК"...
*(Жоғалтыў)*

Мархум Ибрайым Юсупов өзинин бир қайғы-хәсиретли күнлеринде:

Кеўил аспанында жулдызлар сөник,
Ай да он төртинде толғанын қойды,
Қыяллар хәр түрли муқамға дөнип,
Жоқты-барды әрман еткенди қойды,

—деп налығанындай, онын дүньядан өтиўине байланыслы елимиздеги Ибрайым ағанын ықласбентлеринин хәммеси де усы халатқа түсти. Бири-бирине кеўил айтып, өзлери ушын, елимиз ушын ўақыянын үлкен жоғалтыў екенлигин билдирип, қабырғалары қайысты. Онын уллылығын хәр мүйеште яд етип, сәўбетлескенлерге айтып берип, көзлерине жас алатуғын болды.

Мен оны өлди дегенде кеўлимнин бағына бир ғәлетий боран қутырып, демде киргендей, кеўлим қаўсап қалды хәм онын:

Егер,
Инсаний зибана болса тәбият,
Айтар еди жаўыз әжелге, онда.
"Ўах-ўах" әттегене қылыпсан уят,
Қалай көзин қыйды жанын алмаға?!
Бул инсан өлими маған қыянет,
Бар апарып жибер жақты дүньяға,

—деген сөзлери есиме ерксиз келип, бул илахий пәрман иске асатуғын болғанда, онда тек усы шайырды ғана қайтарып жиберер еди. Себеби, онын өмири хәм хызмети халық алдында да, қудай алдында да сол бахаға турарлық болды.

Мен Ибрайым ағанын қайғырыў мерекесинен кейин, ол хаққындағы ойлардан басымды ала алмадым. Әсиресе, онын илтимасы менен сексен жыллығына арнап жазған



www.ziyouz.com kutubxonasi

китабымның шығыўына азғана ўақыт қалған пайытта, оның қолына услатып оны қуўанта алмағаныма қыйналдым. Оның менен буннан саррас бир жыл бурын июль айында үйлеримиздиң бағыў-бақшаларында бирге түскен сүўретлерге қарап көзиме жас алдым. Оның:

Базда, базда бул қызықлы дүньяға,
Уллы адамлар да келип-кетеди,
Журт жыйналып орнын баса алмаса да,
Бир адам орнына өлип кетеди,

—деген сөзлериниң даналығын хәм ол инсанның шайырлық орнын толтырыў жүдә қыйын хәм аўыр екенлигин еследим.

Ибрайым аға буннан бир жыл бурын арнайы түрде маған ойламаған жерден, "Иним Жуманазар, мениң сексен жыллық мерекеме арнап китап жазыўыңды өтинемен. Маған сениң жазғанларың шырайлы хәм мазмунлы көринеди. Қуда қәлесе, мениң сол мерекемди өзиң ашасаң, өзиң баянат етесең" деген сөзине, мен: "Мерекени ашатуғын рәсмий кисилер бар ғой, баянат жасаў болса, оған ықлас пенен кирисемен" дедим. Ал китап жазыў болса, Сизиң илтимасыңызды жерде қалдырыў мен ушын үлкен гүна болар. Хәрекет етемен" деп ўәде бергеннен кейин де Ибрайым аға хәр сапары: "Китапты не қылдың?" деп сорай берер еди. Мен: "Аға, еле юбилейге еки жыл бар, неге асыға беремиз?" дегенимде, ол: "Иним, өлимнен басқаның ертеси жақсы, тезлете бер" деген сөзиниң мәнисин енди түсиндим. Маған ол данышпан адам, өзинин жағдайын билип жүрген екен-аў деген пикир енди пайда болды.

Оған усы жылдың бәхәринде "Даналығы гөззаллыққа уласқан шайыр" деген сол аталған китаптың қолжазбасын апарып бергенимде жүдә қуўанды. Ең дәслеп мазмунын көрип, "Әжайып, философиялық темалар қойыпсаң" деп ырзашылық кеўлин билдиргени есиме түсип, жүрегимди елжиретип жиберди.

Қолжазбаны асықпай бир ярым ай оқыды. Болғанынан кейин жумысты мақтап, көзлеринен жас айланып, рахметнамалар айтып, "жүз грамм" ишиўге мирәт етти. Енди ол китап Ибрайым ағаның бай руўхый хәм әдебий ғәзий-



www.ziyouz.com kutubxonasi

несиниң бир уўыс гәўхары ретинде оның өлмес образын мәңгилестириўге қосқан үлесим екенлигине, оны өзи көрип кеткенине де қанаатландым.

Илаж қанша, Ибрайым аға бүгин бизиң арамызда жоқ. Өзи айтқанындай:

Өмир деген хошадесли әрмандай,
Көрген қызық, сүрген дәўран жалғандай,
Ялғаншының Төк таўына бир түнеп
Мәңгиликке сапар шеккен кәрўандай,

—оның "кәрўаны көшти", ол мәңгиликке кетти. Бирақ, оның халыққа еткен пидәкерлик хызмети, елдиң мақтанышы ҳәм қуўанышы болған поэзиясы, пәк инсаныйлық образы мәңгиликке арамызда қалды.

И.Юсуповтың туўма таланты, жағымлы хаўазы, тәбиятындағы кишипейиллик, әдалатлылық ҳәм меҳрийбанлық тийкарында оның жүрегинен атлығып шыққан сөзлердиң тартымлылығы жүрек пенен ақылдың, гөззаллық пенен данышпанлықтың өз-ара үйлесикли, оның поэзиясының тек өзине тәнлигин белгиледи. Олар инсан кеўиллерин тербендирип, олардың қәлбине тап өзиникиндей кирип кететуғын поэзия маржанлары еди. Олар ҳәмме ўақыт, ҳәр заман адам баласын жақсылыққа умтылдырған туйғыларда жарқырап турады.

Ибрайым ағаның уллы шығармалары жәҳән халықларына қарақалпақ халқының қоспалы, бай мазмунлы тарийхын, миллий өзгешелигин, айрықша минез-қулқын, салт-санасын, мәдениятын жақыннан таныстырды. Оның ушын заманның жан сүўретин жақсылап, жайнаған жулдызлар арасында, халқының жулдызын сәўлелирек етип жарқыратыўға өзин арнады. Ол:

Қосық – теңиз, болсам – балық,
Не буйырса сендей халық,
Аяғымды қолға алып,
Басым менен жумалайман,

—деген ҳақ кеўли менен өмиринше халқымызға, басы менен жумалап, елдиң, халықтың даңқын шығарды ҳәм халыққа қарап:



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сәл қуўансаң кеўлим тасып,
Ай-жулдызды аралайман,
Сәл ынжылсаң мазам қашып,
Саў жанымды жаралайман,

—деген талўас пенен дүньядан өтти.

Ибрайым аға хеш ўақытта шайырлық талантқа, илхам перисине нуқсан келтирмеди. Ол өмири ҳаққында “Шайырлық деген сырлы булақтан, шербет суўларынан иштирдиң бизге” деген илхам периси, оның өмирлик жолдасы, мәңгилик абырайы, бәрқулла сырласы болды. Хеш ўақытта сөнбейтуғын адамыйлық пазыйлеттиң ҳасылы поэзияға муҳаббат, оны поэзия жулдызы дәрежесине көтерип ҳәм оның өзиниң сөзи менен “Адам жулдызлардың тилин не билсин, Сен болмасаң поэзия жулдызы” деп айтыўына хуқық алды ҳәм жәҳәндеги поэзия жулдызларының бири болып дүньяға танылды. Ал, поэзия мәңги. Жақсылыққа умтылған инсанның арзыў-әрманлары бар болса, ышқы-мухаббаты өлмеген болса, гөззаллыкка ашықлығы гөнермеген болса, нийет-туйғылары сөнбеген болса, инсаныйлық пазыйлетлери жоғалмаған болса поэзияда жасайды. Ибрайым ағаның поэзиядағы жулдызы жоқарырақтан нурлы жарқырап турады. Бул пикир оның өзиниң:

Таўлар булақ көзин көмбесе егер,
Адамлық пазыйлет өлмесе егер,
Әрман жулдызлары сөнбесе егер,
Сен сөнбейсен поэзия жулдызы,

—деген сөзи менен дәлилли. Өйткени, өзиниң поэзиялық шығармалары менен поэзия жулдызлары қатарына кирген ол дана инсанның, илгир шайырдың шығармалары барлық дәўирлерде де адамның өмирлик жолдасы, көреген жетекшиси, адамыйлық пазыйлетлериниң арқаўы, пидайылық мийнетиниң қуўаты, белиниң мәдети болып жасай беретуғынын пүткил халқымыз тән алып ҳәм онын менен мақтанады.

Бунын себеби, Ибрайым Юсупов халықтың руўхый өмирин аспандағы жарқыраған қус жолына уқсатып, “сол салтанатлы, сан-шәўкетли жулдыз дүньясына, сол мәңги



www.ziyouz.com kutubxonasi

нәўпир, мәнги ағыўшы уллы дәрьяға" өз халқының атынан жулдыз болып танылыў ушын пидәкерлик хызмет етти. Соның нәтийжесинде ол сөнбейтуғын жулдызлар арасында, басқа жулдызлар менен бир сапта туратуғын уллы шайыр хызметин атқарды. Оның жулдызы хәммеге бийик көктен сәлем жоллап, ол сәлеми халқының рахметнамаларына миясар болып, оның менен жилўаланып, оның мәңгилик мәртебесиниң шырағы ретинде жарқырап турады.

***Жуманазар Базарбаев,***
***академик***



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАРАҚАЛПАҚ ӘДЕБИЯТЫНЫҢ СҮТИНИ ЕДИ...

*(эссе)*

"Ибрайым Юсупов қазаланыпты" деген сөзди телефоннан еситкенимде тас төбеме биреў урғандай селк ете қалдым...

... Оның сәнли имаратының алды, көше бойлары адамларға толып кеткен. Ҳәммениң кеўли ғам-гүн. Әлбетте, ушқыр талант ийесин ҳешким өлимге қыйғысы келмейди. Илаж қанша!

Шайырдың қарлығыңқырап шығатуғын жағымлы даўысын кимлер еситпеген, терең мазмунлы қосықларын өз даўысы менен оқығанда кимлер ләззетленип тыңламаған. Үйинен жумысқа шыққанда көшени, жумысқа келгенде редакция дәлизин толтырып жүретуғын сымбаты да тек елес болып қала береди...

* * *

... Оның табыты көз алдымызда жатырса да тап өлмегендей сезиледи. Митинг ашылажақ, халық табытты дөгереклеп тур...

Биринши болып шайыр Абдулла Арипов, кейин Т.Қайыпбергенов, академик Сабыр Камалов Ибрайымның ислеген ислери ҳаққында, еле оның халыққа кереклигин, тилекке қарсы дүньядан ерте кетип баратырғанына жаны ашып, ҳақғәний сөзлерин - қыйналғанын шын жүрегинен төгип айтып атыр.

Мениң кеўлиме шайыр табытта жатырса да, бул мақтаўларға ләззетленип емес, "қарақалпақты көп мақтама көзинше" деп атырған сыяқлы. "Сизлердиң усындай улығлаўыңызға ылайық халқыма хызмет еткен болсам кәне?! Еле халқым ушын айтарлық хеш нәрсе ислемегендеймен, ислейтуғын ислерим алдымда әдеўир бар еди" деп кәдимги әпиўайылығына салып, тек тыңлап жатырғандай... Ақыры, тирилигинде мақтаўды, мақтаныўды кәлемейтуғын айнымас минези бар еди-дә! Егер халқым,



www.ziyouz.com kutubxonasi

*перзентлерим сизлер айткан дәрежеге жетиўимдеги қыйын* жолларымды билер ме еди?! Әттең үлгере алмадым, енди оларға ким айтады... деп атырғандай туйылады маған.

Сонлықтан мен: "Ибрайым! Сениң басып өткен тикенекли басқышларыңнан, өз көзим менен көрген, билген, еситкенлеримнен биразын әлбетте қолымнан келгенше, тилеклес болған халқыңа, перзентлериңе жеткеремен" деп ишимнен өзиме мақсет еттим...

* * *

Шайырлар, перзентлери Бахрам, Мәдияр шайырдың табытын көтерип алып баратыр... Әне, енди оның тирилигинен гүдер үздик. Хәмме ким ишинен, ким еситтирип "алдыңнан жарылқасын"ды айтып атыр. Табыт ағаранлап кем-кем узақлап баратыр... Көринбей кетти... Жыйналған халайық Ибрайым менен ақырғы рет хошласып, тарқасты.

... Үйге киятырып жол бойына, Ибрайым, сениң өмир жолыңдағы ушырасқан тосқынлықларды тек мен емес, басқалар да билетуғын шығар. Олар да билгенлерин айта берер, мен хәзирше қыз апаң Бийбайшаның еслеп айтқан бир ўақыясын хәм өзим билген бир ўақыяны айтпақшыман...

Бийбайша Юсуп ахунның мурындық қызы, Алланияз деген ағайиниңиң келини, демек Ибрайымға қыз апа болады.

1964-жылы Ибрайымның биринши рет Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине депутат болып сайланған ўақты. Бул қуўанышын бизлер менен бөлисиў ушын үйге келди.

Бизлер де қуўанып, апақ-шапақ болып қутлықлап атырмыз. Тап усы күни бизиң үйге абысыным Бийбайша да қыдырып келип еди. Ол да усындай қуўаныш үстинде ушырасқанына рийза болып Ибрайымның қолларынан қайта-қайта сүйип: —Қарағым-әй, бундай күнлерге жеткениңниң алды болғай,—деп көзи толы жас пенен қутлықлайды. Соның арасында өмирлик жолдасым Сабыр Камалов Ибрайымды қонақ жайға алып кетти.

Бийбайша шешемиз бираз ойланып отырып: —Бай-ба-а-а-й, сизлер не билесиз, үкемниң көрмегени жоқ ғой,—деп гәп баслады.

... Умытпасам үкем 2-класс шамасы. 1935-36-жыллар. Күн суўық, аспан әлеми қара тонын жамылып, төсинде бар



www.ziyouz.com kutubxonasi

пәрманы менен қарлы боранды айдап тур. Усы үргинлеп уйытқып турған қарлы боранға араласып апам Қанбийби (Ибрайымның анасы) үкемди жетелеп қаладан аўылға киятыр. Себеби, үкем қаладағы мектепте оқыйды. Күн тез қаранғыланып қалатуғын болғанлықтан анасы оқыў тарқағанша мектептиң аўзында күтип отырып, сабақтан кейин өзи алып қайтады. Аўылымыз Шымбай қаласының дуўры арқасында, алыслаў. Усы уйытқыған боранда екеў ғанасы сүрмелекленип киятыр. Үкемниң бойы да, өзи де кишкентай, арық, суўыққа тонған соң әбден әбигерленип, анасының қапталына тығылып тасаланған болады, оның менен арқадан уйытқып турған боран булардың жүзине урып, көзин аштырмайды, алдына қарай жүргизбейди. Анасы ҳәр жерде бир тоқтап, баланың тоңып қалған қолларын қысып уўқалап, қолтығына тығып жылытқан болады.

—Апа, Бийбайша апамның үйине қайырылып, жылынып алайық,—деди Ибрайым.

. Анасы бул үйге барғысы келмейди, жүреги даўамайды. Себеби, Юсуп ахунды ҳүкимет қаралап, НКВД алдына салып айдап кеткели бир ағайин булардан хабар алмады. Хабар алыў былай турсын, аўыл адамларының көпшилиги, әсиресе усы дәрўазалы ағайинниң ҳаялы Өнәсия шулғып сөйлеп, булар енди "халық душпаны", қарасы жуғады деп, егер далада ушырасып қалағойса алыстан айланып жүреди. Соңлықтан да, бул үйге барыўға жүреги даўамайды, жүрисин бузбай алға өрлейди. Бул ҳаялды көрсе жүреги шаншады. Ибрайымның өтинишине кеўил бөлмейди. Нәресте анасының не ойлап киятырғанын қайдан билсин. Ақыры Бийбайша Ибрайымды көрип қалағойса үкем деп баўырына басып, жанын үзеди, ҳәр күни хабар алып туратуғын да усы ҳаял. Анасы Ибрайымды жеңил-желпи дәлил менен тынышландырғысы келеди, бала тыңламайды.

Булардың туўрылап бизиң үйге киятырғанын енем Өнәсия әйнектен көрип қойса керек, бир ўақытта енемниң кета-кет, деп шалаўытлаған даўысын дәрўаза беттен еситиўден қолымдағы жумысымды таслай берип далаға жуўырдым. Шықсам үкем менен елти апама қолындағы шыбығын силтеп:

—Бул әтирраптан жүрмең!? Қараңыз жуғады,—деп даўысының барынша паталады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ибрайымның тоңлап қалған қолларын койныма тығып, баўырыма басып, жылытып атырман. Жылыйтуғын емес, соның арасында енеме:

—Хаў ене, сен танымай турсаң ба? Үкем менен елти апам ғой. Өзиңниң жақсы көретуғын абысының емес пе?! Қой, шыбық силтеме, елден уятты, —дегеним сол, енем маған умтылып:

—Сен-ақ уял да жүр, мен уялмайман. Кетсин, енди булар кимге керек! Душпанның аты—душпан! Оның изи жоқ тоңқылдысы таўсылар емес... Мен болсам енемди тынламай үйге жүриң, жылынып кетиң, мына қақаманда қайда барасыз, бүгин бизиң үйде қонып, мектепке ертең үйден-ақ барарсаң?—деп оларды үйге жетелегенимди билемен, арқама енемниң шыбығы шырп ете қалды хәм:

—Сениң үйиң бар ма? Бул мениң үйим, киргизбеймен дегеним киргизбеймен, қарасы жуғады,—деп дәрўазаның алдында турып алды.

—Енежан, бир сапарға киргизе қойса, үкем тоңып қалыпты, үйине жетемен дегенше әбден тоңып аўырып қалады ғой,-деп енемниң аяғына бас урып жалындым.

Енем хеш жибимеди.

—Керек болса бирге кет. Маған кереги бурын еди, енди кереги жоқ. Арманнан жүрсин, арманнан. Бул әтирапқа жоламасын,—деп даўысының барынша бақырып сөйледи. Және қарсылассам буларды урыўдан қайтажақ емес.

Бул көриниске үкем аң-таң. Биресе анасына, биресе жақын ағайинине әжепленип қарайды. Усы ўақыяның болатуғынын қашшан билип, тайын киятырған Қанбийби елти хеш нәрсе көрмегендей, сезбегендей сынын бузбады. Өнәсияның жүзине қарамады да, үкемди жетелеп, ызғырып турған қарборанның астында әстен жылысып үйине қарай жол алды... Үй дегендей өзлериниң бурынғы үйи емес, хүкимет булардың үйин хатлап, медреседен шығарып жибергеннен кейин биреўдиң гөне тамын тазалап отырған еди.

Ибрайым жолда киятырып көп ойланды. Анасына:

—Апа, бул кемпир бизлерди бурын жүдә жақсы көретуғын еди. Енди бизлер ырастан да хешкимге керек емеспиз бе? Бул кемпир бир күни сағал келип: сени бир күн көрмесем кеўлим кеншимейди, түнде уйқым келмейди дегени есиңде ме? Енди неге жек көреди?



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Аўа есимде, балам. Енди әкең жоқ. "Қылмыслы" болып айдалып кетти. Соның ушын қуўып атыр. Кишкене баласы таза ашылған мектепте муғаллим болған соң, қарасы жуғады деп кәўетерленип қуўып атырған ғой,—деди сабырлылыкка салып. - Егер әкең бурынғыдай болып турғанда бизлер бундай күнге дуўшар болмаймыз ғой. Енди сен де усындай қолайсызлыққа тайын бол. Бул көреси күнимиздиң басламасы, балам. Еле алдында не шөгип жатырғанын билмеймен. Құданың буйрығына қайыл бола беремиз...

Ибрайым және ойланып қалды. Ол қанша ойланса да бул көринисти басына жайғастыра алмай киятыр...

—Апа, ағайинлер қайта әкемиз жоқта ғамқор болмай ма?

Қанбийби елти баласының бул сораўына жақсы-жаман демеди. Тек көз жасларын ишине жутыў менен жуўап берди. Булар үйине жақынлаған ўақта өзинен үш жас үлкен әжағасы Мәден бир арқа отынды арқалап киятыр екен. Үшеўи бирден қуўанысып, үйине кирди...

* * *

Бир дәўирде хешкимге керек болмаған Ибрайым Юсуп ахунның улы бул күнлигинде қарақалпақ халқының маңлайы болды. "Хәр кимниң өз заманы бар" деп өзиниң айтқанындай, Ибрайым өз заманының жарық жулдызы, поэзия сарайының сүтини еди. Жатқан жери жайлы, топырағы торқа болсын.

Өмирдиң усындай гүңгиртлеў тәрепи булардың алдына перде болып тутылып, өзинен үш жас үлкен ағасы Мәдрейим (Мәден) екеўине заман ағымы оғыры қатал келди.

Бул ўақыялар Ибрайымның көз алдынан кетпей атырып, булардың бахтына екинши дүнья жүзилик урыс басланып кетти. Еле буўыны қатпаған жигит ағасы Мәден урысқа кетти. Шымбай әскерий комиссариаты Мәденге:

—Сен халық душпанының баласысаң, Ўатан қорғаўға ҳуқықың жоқ демеди, қайта арзасын тез қабыллап, 1942-жылы алды менен көп кемеге мингизип, урыс майданына атландырды. Демек, кеңес ҳүкиметиниң дүзилисинде бираз қәтеликлер болғаны соң-соң анықлана берди...

Ибрайым 6-7-классларға келгенде колхоз жумысларына саўатлы, зейинли адамлар керек болды. Күтилмегенде Ибрайым колхозға табельщик болды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Ибрайым табельщик болып жүрип, кудайдын көп китабын колтыклап рети келген жерде дәрриў китапка үңиледи,—деп еске алады досты Нурым. —Егер атка минип жүриўге туўра келсе, китапларды ат дорбаға тығып, ат үстинде-ақ оқый береди. Япырмай бала, китап оқыўға сондай ықласлы еди. Сөйтип жүрип-ақ кудайдың көп қосығын дөретти.

* * *

Урыс жыллары пединститут Шымбайда еди. Урыс тамам болған соң 1945-жылы Шымбайдан пединститут Нөкиске көшип келиў менен бирге бизин үй де Нөкиске көшип келди. Себеби, жигит ағам—Қарақалпақстанға мийнети сиңген илим ғайраткери Айтжан Есемуратов пединституттын аға оқытыўшысы еди. Нөкиске келиўден бирден үй кайда, Нөкистиң өзи жаңа қурылып атырған қала болғанлықтан, хүкимет тәрепинен турақ жайлар еле салынбаған еди. Сөйтип, кирейге жай излеп, Буденный көшесинен (хәзирги Жумагүл Сейтова) жай табылды. Ол жай елге белгили талантлы жазыўшы, "Мын бир түн"нин авторы Мырзағалий Дәрибаевтың жайы екен. Мырзағалий Дәрибаев 1943-жылы аэроплан апатшылығында қаза тапқан. Жайы жүдә жақсы хәм кең салынған, бес қабат өжире. Жазыўшынын өмирлик жолдасы Мамық апа жалғыз қызы Роза менен турады екен. Бизлерге еки қабатын кирейге берди. Мамык апа да "жақсы коңсы келди" деп қуўанып қалды.

1945-46-оқыў жылы басланды. Мен пединституттың таярлығына кирдим. Сол жылы Ибрайым Юсупов та оқыўға келген. Қыска қарай пединституттың аудиториялары қызбайды, жатақханалары суўық болғанлықтан, ағайин ретинде көбирек бизин үйде болады. Сонда ол қолы жырылса косық жазып отыратуғын еди. Сол жыллары шыра жағып түнлетип окып я жазып отырыўға лампамай деген кәхәт. Ибрайым қараңғыда қағазды тысырлатып, қосық қатарларын дизип отырғанын хәммемиз сезетуғын едик.

Кем-кем халықтың жағдайы да жақсылана баслады. Мәден аға елге аман-есен келгеннен соң Ибрайымды оқыўға Нөкиске атландырып, өзи хожалық гирдикарын



www.ziyouz.com kutubxonasi

мойнына алды. Ибрайым жатақханасының суўықлығына мына қосық қатарларын жазған:

Сен муқаддес медресем баўырман,
Әрман гүли гүлшанынңнан таўылған,
Ҳақтың суўын аңсап келген кийиктей,
Биз келгенбиз, билим излеп аўылдан.

Келешекти үмит пенен болжаған,
Урыстан соңғы жыллар еди ол заман,
Отсыз жайда жазыўға қол жуўыспай,
Дәўетине қуйған сыя тоңлаған.

Студентке жүрек жалғар ас қыйын,
Кенеп шалбар, бөз көйлегиң - бас кийим,
Төсеги жоқ сым кровать астында,
"Тик тур" десең тик турады носкийиң.

*("Сен теберик дәргайысаң билимниң").*

* * *

Ибрайым кешикпей жатақханадан шығып, өз алдына кирейге жай алып, анасы Қанбийбини көширип әкелди. Ыссы-суўығына қарайды. Анасы жанында, ағасы Мәден ғәрежетин жеткерип турады. Ибрайым үшинши курс студенти. Буларды Нөкистеги ең белгили, үлгили А.С.Пушкин атындағы орта мектепке педпрактикаға жиберди. Әне, усы мектепте Бийбизада 8-класста оқыйды екен. Мине ашықлық усы дәўирден басланып, шайырдың уйқысы қашады.

Ибрайымның Бийбизадаға ашықлығы өз алдына болды... Булардың бир-бирине сүйиўшилиги өз заманының Ләйли-Мәжнүни менен Гәрип ашық-Шахсәнеми десем де қәтелеспеймен. Бирақ, қосылыўға келгенде булардың алдында үлкен бөгет турды. Буған тийкарғы себеп - Бийбизаданың әкеси Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының баслығы, кимсең Мәтеке Жуманазаров, халықтың ақсақалы. Ал Ибрайым болса, кеңес ҳүкиметиниң душпаны деп қаралған Юсуп ахунның баласы. Булардың шығысы бир-бирине пүткиллей



www.ziyouz.com kutubxonasi

карама-карсы, кыз бенен жигиттин косылып бахытлы болыўына рухсат жоқ. Бундай карсылық Биййбизада менен Ибрайымнын сүйиўшилигине кедерги бола алмады. Себебин таўып ҳәр күни ушырасады, түсиниседи, күннен күнге бир-бирине болған исеними артып, бир күн көрмесе туралмайтуғын дәрежеге жетти. Соның менен арадан бираз жыл өтип кетти...

Ибрайым буларға хешқандай мойымады - поэзия бағын камалға келтириўди алдына мақсет етип қойды. Поэзия дөрдиянын ойнатып, сүйиўшилик темасын ҳәўижлендирди. Қыздың жүрек жолына поэзия бағынан жол ашты, гүллендирди. Қыз да бул бағқа немқурайды болмады... Бир-биреўин ҳәр көргенде жүдә ысык болып қалды. Булардың ушырасыўына қанша қарсылық болған сайын сүйиўшилик сезими сонша арта берди. Сүйгенине қосылып бахытлы болатуғынына екеўинин де көзи жетип, исенип жасады. Усындай дәўирде шыдамлы болып, шыныгып өссин деп бағдар берип кеткен әкеме мың-мың алғыслар болсын,- деп өзин кемситкен адамлардың алдында мәрдана туратуғын еди, шүкирлиги көп болды.

Гүл мәўсими болар бәҳәри, жазы,
Биймезгил урмағай қазан аязы,
Ашық Аяз сен деп биткен баязын,
Бийдәрт жанлар, алшақ диллер анламас.

* * *

1954-жыл. Жаз айы. Ол жыллары Нөкис Демалыс бағының әжайып болып гүлленип, қыз-жигитлерди өз қушағына тартып турған дәўири болды. Қандай кеўилли бағ еди... Паркке жақынлаўдан-ақ кеўилли намалар, қыз-жигитлердиң шадлы күлкилери еситилип, ишке киргенше асығатуғын едик. Кешиксек тап бир қайталанбайтуғын қызық көринислерден қалып қоятуғындай қазан-табағымызды шала-пала жуўып жуўыратуғын едик. Әттегене жаслық-ай. Бәри де тек елес болып қалды-аў...

Парктиң дәрўазасына кириўден ортада үлкен жол басланады. Орта жолдан көше-көше тротуарлар ҳәр тәрепке созылып кетеди. Ҳәр ким екеў-екеў, үшеў-үшеў болып қәлеген бағдарға сайранлап кыдырады. Мен де курдасым



www.ziyouz.com kutubxonasi

менен паркке кирип алдыма қәдем қойғаным сол, орта жолды толтырып бир сулыў сымбатлы, бир-бирине сай, аналары да буларды бир-бирине арнап туўғандай жигит пенен қыз көзиме жарқ ете қалды. Булардың жарасымлы кийиниўи, қыздың ақ жипек көйлеги дөкилип, ал бурымы өкшесине түсип, ерксиз қараўға мәжбүр боласаң. Булар Ибрайым менен Бийбизада еди. Мине, сүйиўшилик. Қандай қарсылық болса да, тасаланып емес, ашық-айдын усласып, бир-бирине тоймай сырласып киятыр... Парк усы екеўинин жарасығы менен толып турғандай. Өткен де, кеткен де буларға қарап тоймайды. Әлбетте, Алланың инам еткен сулыўлығы да журтты өзине тартады ғой. Ақыл-хуўшы, сын-сымбаты сай келе беретуғын инсанлар сийрек ушырасады-дә!

* * *

Мине, усы ўақытта Ибрайымның үйинде қандай ҳәдийсе жүз берип атыр... Тыңлаң?!

Мәден аға фронттан қайтқанда майыплығы бар еди. Ол қандай майыплық, басында осколка (қыйық) қалған. Осколка ара-тура ойнайды, жазылады, деген менен Ибрайымның аўырын жеңиллетип, хожалықты гүллендирип, жалғыз инисинин бийғам дөретиўшилик пенен шуғылланыўына жағдай жаратып отырған тилеклеси...

Июль айының ақыры, августтың баслары. Күн ыссы, Мәден аға кишкене участкасына суў ашып, салмадан салмаға атлап жүргенде бирден қулайды, еси-түсин билмей қалады. Ол жыллары аўылдан келген ағайин студентлер—Қабыл Досымбетов пенен Розум Төреев булардың үйинде болып атырған еди. Дәрҳал шыпакер шақырған, бирақ ҳеш илаж ете алмаған. Себеби, осколка жаптан атлағанда мийине кирип кеткен...

Енди аўҳалы төмен. Ибрайымды таўып, билдириў керек. Олардың паркте жүргенин биледи де. Булар екеўи жуўырып келсе, парктиң жарасығы болып сүйгениниң қолынан услап, сайранлап жүр. Бул жарасықты қалай бузады...

... Саат түнги 12. Ибрайым қызды үйине апарып, айлана бергенде Қабыл менен Розумды көрип:

— Не? Мени аңлып жүрсиз бе?—деп тоңқылдайды.

— Жоғ-ә, неге аңлаймыз. Сени үйге алып кетейик деп келдик.



www.ziyouz.com kutubxonasi

—Сизлер алып кетпегенде өзим баралмайман ба?!

—Сонда да барасаң ғой. Бирге қайтқан кеўилли-дә!

—Онда журин, —деп үшеўи келе берди.

Үйдиң дөгереги бурынғыдай емес, түси суўық бир-еки адам көринеди. Сол ўақта Ибрайым бир нәрсени сезгендей үйине жуўырып киреди де, жансыз жатырған жалғыз ағасын көрип:

—Ўай-ўай..й..й, дүнья-ай! —деп ыңырсып, төбе шашын еки қолы менен қамтылап услап, басын төмен тартып, маңлайын полға урып хеш кимге күш бермейди, қолын шашынан жаздырып ала алмай атыр адамлар. Өзиниң шашы да қалың, қарыўлы шаш, бармақлары шашқа жабысып қалғандай, "енди маған жалғызлық ылайық болды ма?" деген сөзи еситилди.

Мине, Ибрайымның хәр бир қуўанышы қайғыға тутасты да турды.

Енди Ибрайымның кейпи бурынғыдай болмады. Хожалық болыўдың әнжамын ойлады. Үй уядай ысық болыўы керек, үй бийкеси келиўи шәрт. Анасы келин жумсаў керек, өзине өмирлик қостар болыўы ўазыйпалы ис. Жекке жасаў тек Аллаға жарасқан. Бул мәселени әлбетте сүйгени Бийбизада менен бирге шешеди. Бийбизада болса қай ўақта да мен сенликпен, ол жағынан хеш ғам жеме деп исендиреди, тек әкемди ийкемге келтиргенше күтиўимиз керек деп иркиледи. Ибрайым күтти, күткенде де көп күтти.

Ақыр соңы Бийбизада әкесине шәрт қойды. Жасы үлкен қызының бул шешимине қайылшылығы болмай, пәтин қайтарғысы келди. Бирақ, қыз айтқанынан қайтпады, "тәўекел қайығына" минди де Ибрайым менен қол усласып қашып кетти... Қыздың бул шешимине ел болып қуўанды. Әлбетте, сүйиўшилик деген қүдирет, қандай бөгет болса да жығады, ол тәбиййй. Изи жүдә пәкизе болып кетти. Сүйискен қостарлар минсиз-муңсыз жасады, бес перзентли болды.

Ал, Қанбийби елтиниң қуўанышында шек жоқ. Көрген қорлықларын келинин көриўден-ақ умытты, бахытлы ана болды.

Перзентлери болса биринен бири жақсы болды, демек үйинде де поэзия бағы пайда болды. Шахзада, Бахрам, Арыўхан, Мәдияр, Айжамаллар әкеси дөреткен сол бағдың ийеси, нағыз қорғаўшылары болып жетилисти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әттең, Бийбизада булардың қызығын толық көре алмады, жүрек кеселлигинен ертерек көз жумды. Ибрайым және қайғыда қалды...

* * *

Бул "бири кем дүнья" деген. Бул дүньяға келген инсанлардың ким болыўына қарамастан, өмирдиң бир жағын дүзедим десе, екинши тәрепи аўып атырғанын көресең. Бул тәшўиш адам баласының бәриниң де басында бар машқала.

Бул нәрсени хеш ким хешқашан бийкарлай алмайды.

Тәғдир деген... Әлбетте, азамат тири турса айылды бурынғыдан бетер қатты тартып байлап, бахытлы өмирге талпынады, мақсетине жетеди.

Ибрайым ҳадал, идеясы күшли, ушқыр талант ийеси еди. Өзи дөреткен поэзия бағының жемисине толып-толып жасады. Ақыры ол ҳадаллықты уран еткен инсан. Сонлықтан, оны халық жақсы көрди, халықтың сүйикли перзенти ҳәм қаҳарманы болды. Бундай ҳақыйқый инсанды халық алғыслайды, улығлайды.

Ибрайым ҳаққында еле талай-талай әпсана, легенда, романлар дөрейди, исенимим кәмил. Ол быйыл 5-майда 80 жасқа толады. Тойын өзи дөреткен поэзия бағында бирге тойлар едик.

Әттең...!

***Гүлайша Есмуратова***



www.ziyouz.com kutubxonasi

## САРАТАННЫҢ СУЎЫҚ ХАБАРЫ

Ибрайым аға Юсуповты ең соңғы жолға узатып хошласып қаларда академик Сабыр аға Камалов: "Иним, кәдирданым Ибрайымжан, Сизден бурын гезек бизики деп жүр едим, әўел жасы үлкен биз алдыңызда кетиўимиз керек еди, лекин, өлим нәўбетке қарамас екен", деп қабырғасы қайыса қыймаслық көз жасларын төгип еди.

Ығбал қарамайды кәдди-қәўметке,
Байлық, ҳәмел—ақылдан ба, әўмет пе?
Ибрайымдай даңқлы кесадар болыў
Йош арыўлары менен бәзим-сәўбетте...

Көктен жөн силтенген пайғамбар сыпат,
Сөзлери айтылған сөз емес қуры,
Гөнериў, сөниў билмес гәўҳарларының,
Көкиреклерди турар жақтыртып нуры.

Ҳақ арнап соққандай шайырлық тажын,
Көкси сархош бүлбиллердиң уясы,
Әрман қусларына зер туғыр—қәлби
Қағазларды ертерлик дәрт сыясы.

Жан ошағында бурын ким жаққан бундай,
Ғыжлап турған қосық—халықшыллық арды,
Тәғдир жазым етип, шөктирген нарын...
Жүреклер жанарын көз жас суўғарды.

Көбейип кетпесе еди, бийдәўлет,
Бир-еки зыят пул түртип, мәсирген,
Қалатуғын болды-аў гейдеси геўек,
Сизди көрип алатуғын тәсирден.

Асан, Амангелди, Аллаярлардай,
Елим деп енирeп, халқын қайғырар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Усылай үзиле берсе даныш шынжырлар,
Бул журт душпанлары кимнен айбынар?

Жүдә сап кеўилде көгерер екен,
Сезим гүллеринин ен бир тазасы,
Өзине жерлейди оны жүреклер,
Аўыр аза болар шайыр азасы.

Жаманлық таслары талай шытнаткан,
Жан, деген қылышы мисли тиселип...
Қыйып болмас Қарақалпақты Ағажан,
Таслап баратырсыз кимге исенип?!

Суўық хабар айтып суўыт жүрисли,
Қайғы атын жайдақ желген Саратан...
Пүткил халқы гүрсинисип, қол созып,
Ийинлести шайыр пейитин Ўатан.

...Жалынып жетип болар ма бақ-дәўлетке,
Бунда қәтере өтпес питкен мәўлетке,
Аўзы дуўалы Академик айтқандай,—
Өлим, ҳеш ўақ қарамаған нәўбетке.

***Халила Дәўлетназаров.***
*Август, 2008 жыл.*

## ҚОСЫҚ ӘЛЕМИНДЕ ҚУЯШТАЙ ПАРЛАП...

Қарақалпақта кимсен болып Ибрайым,
Тарийх бетлерине енди де кетти.
Топырағы торқа болсын илайым,
Бир бүлбил дүньяға келди де кетти.

Мынсан жулдыз парлап жанғаны менен,
Жалғыз қуяш киби шуғла шашалмас.
Мың-мың шайыр қәлем алғаны менен,
Бир Ибрайымнын орнын басалмас.

Болса хәр бир сөзи мысал алмастай,
Қосықлары дөнер еди алмаздай.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сол арқалы таныр халқымды жәҳән,
Мыңсан еки ел ишинен алжаспай.

Журт ышқында пошша торғайдай шырлап,
Халқының намысын қызғыштай қорғап.
Қосық әлеминде қуяштай парлап,
Бир Шайыр дүньяға келди де кетти.

***Төренияз Акимниязов***

## УСТАЗ

Әдебият майданын десек ялғаншы,
Поэзия султаны сен един, устаз.
Болсақ бизлер силпилеген бир тамшы,
Мисли нөсер, қуйған сел единң, устаз.

Өмир бойы жолдас тутып қәлемди,
Қосық пенен бағындырдың әлемди,
Тәрийплеген шөллерине жан еди,
Сахраны бағларға теңедиң, устаз.

Сөйлеген сөзлериң, айтқан ҳәр гәпиң,
Турысы бир хикмет, турысы нақыл,
Үстин қойып өз мәпиңнен журт мәпин,
Бәрха халық дедиң, ел дедиң, устаз.

Биреўлердиң кеўил сарайын көрдим,
Еплеп сөз қураған жағдайын көрдим,
Төрт қатар биткенниң талайын көрдим,
Лекин, сиздей шайыр көрмедим, устаз.

Өмир гейде узын, гей ўақта келте,
Биреўлер кеш кетер, биреўлер ерте,
Әжинияз қосығын айттым мың мәрте,
Бирақ, сен тирилип келмедиң, устаз.

Туўған жер намысын қәлбине түйип,
Естелик орнаттың өзиңе бийик,
Өттиң өмириңше Ўатанды сүйип,
Өлди деў жалған, сен өлмедиң, Устаз!

***Сағындық Жаниев***



www.ziyouz.com kutubxonasi

## САЙРАМ-САЙРАМ ИЗИ ҚАЛДЫ ДА КЕТТИ

Кен дүнья кеңлигин Аллам бергенди,
Дүньяға құдирет бир шайыр келгенди,
Уллы уламаның жүзин көргенди,
Поэзия мүлкиниң султаны деди.

Сөз гәўҳарын терди даналық пенен,
Ой-пикири жаңлады жаңалық пенен,
Қәлби гүмбирлеген ел-халық пенен,
Шайыр Ибрайым болды да кетти.

Таска басқан болып сөзи қуйылды,
Таң қалдырып өтти нешше жыйынды,
Мисли жулдызлар да үнилип сыйынды,
Қосық имаратын қурды да кетти.

Адамзаттың, жақсылардың ҳасылы,
Өзинен барқ урып бәҳәр пасылы,
Мегзеттим сөзлерин көктиң жасыны,
Беглик бийигинде турды да кетти.

Қарасам жулдызлар сөник көринди,
Тәбият түнерип дөнип көринди,
Қосықта пайғамбар болып көринди,
Жүрген жолы нурға толды да кетти.

Шайыр бола берер өзиндей болмас,
Жанға жан ендирген сөзиндей болмас,
Ағамның мийримли көзиндей болмас,
Сайрам-сайрам изи қалды да кетти.

Нешше хәўес етер ол шыққан шыңға,
Урынып көрерлер түспеге сынға,
Алмас қылыш еди сыймастай қынға,
Нәкаслық ләшкерин женди де кетти.

Жанған талант еди, тәғдир айырды,
Дүньяда таппассыз ондай шайырды,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Изи ел-халкыма болсын қайырлы,
Тәғдир дегенине көнди де кетти.

*Нурмухаммед ӘМЕТОВ,*
*Қарақалпақстан Республикасына*
*мийнети сиңген мәдениямт хызметкери*

## ДАЎЫЛ...

...Жигирма екинши июль-кешки иңирде,
Тып-тынық аспанды қара булт қаплап,
Гүлдирмама айбат шегип гүркиреп,
Дүбелей уйтқыды, шағылып шақмақ.

Тилсиз жаўгершилик түсирип еңсе,
Даўыл бийик дарақларды қулатты.
Мениң өмиримде екинши мәрте,
Әйне жаз пайтында муз-буршақ жапты.

Булағайлы шийшемби хәм сәршемби,
Мүддетин таўысып, түңлигин жапты,
Жақсы нийет пенен күтип ертеңди,
Тиришилик таңы ағарып атты.

Долы тәбият тынды "бир бийлеп-төслеп",
Аспанда алағат бултлар көшпекте.
Ушқан шиферлардын орнын сеплеп,
Өмир жөнелиси даўам етпекте...

Умытып дүньяның ғалма-ғалын да,
Атлап өттик дегенде бул сынақты.
Сум әжел даўылы жума таңында,
Әдебият байтерегин қулатты!...

Көкирекке сыймас өксик әрманлар,
Поэзияның алп сүдини қулады,
Бүлинген мүлкине қыйланбағанлар,
Тап сол күни үн салысып жылады!...

Тамсандырған мөлдир шәшме булағы,
"Дүньяға көп келмес бундай инсанлар"



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мына сөзиң еске түседи тағы:
"Әжел наймыт ол хәм жақсыны таңлар..."

Тәғдир ҳүкими қарап турмас ырайға,
Жулып ақ қайыңды буршақ бораған.
Қәдирданың Казакова Римма,
Өзиңнен сәл алдын кетти арадан...

Таяқ таслам "Еки есик арасы",
Өлим тағы бир жулдызды жалмады.
Ҳәтте Нюренберг емлеўханасы,
Айтматовты сақлап қала алмады.

Мәртлик пенен буўсандағы белиңди,
Табалмадың дәртти женбектиң емин.
"Еки Шыңғыс жаўлап алған елимди",
—Деп уйқысыз муңлы дөңбекшир едиң...

Дос дийдарын еслегенде сағына,
Тыпыршып, қулазып кеўлиң бийқарар.
Римма, Шыңғыстың шаңарағына,
"Кеткен" телеграммаң жанды қыйқалар.

...Және бир сөз зергеринен айырды,
—Дегендей тәбият та тунжырып өксир!..
—Әсирлер бералмас бундай шайырды,
Поэзияны тартқан сен едиң буксир!..

...Ялғаншының иси питти шаўқымлы,
Сөзиңди сүрме етип көзге басармыз.
Сағынып қарлығыңқы уяң даўсыңды,
Өмир бойы ҳәўес етип жасармыз.

—Сөз қаймағын уйтып алтын зеренге,
Жәҳәнге таныткан ел-журтын жырлап.
Бул Байтерек тамыр урған тереңге,
Халық қәлбинде мәңги жасайды нурлап!...

***Базарбай Сейтаев,***
*Июль, 2008 жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ПАЙҒАМБАРДАЙ ИНСАН ЕДИ

Мен бул пайғамбардай инсан менен он бес жыл қослас болдым. Он бес жыл он бес күн шелли болмады. Бирақ, өмиримниң eң мазмунлы дәўири оның менен бирге жасаған жылларым, деп есаплайман. Себеби, бул инсаннан мен китапта жазылмаған, хеш ким ўәсият етип қалдырмаған адамгершиликтиң eң ағла пазыйлетлерин үйрендим. Ол үлкенге үлкендей, кишиге кишидей мүнәсибетте болатуғын, мийирман, баўры кең, өзиниң кеўли қабарса да, кисиниң кеўлин қабартпайтуғын, инсан түўе хеш бир жанлы мақлуққа ҳазар бермейтуғын, қулласы, қайсы бир инсанды қандай тәрепи менен мақтаса, солардын ҳәммеси оның бир өзиниң бойынан табылатуғын инсан еди.

Мен оған өзимди тек ғана өмирлик жолдас емес, пүткил ели ҳалқым "усы теберик инсанның басынан бир тал шашы бийўақ түспесин, жүзин суўық самал шалмасын, пешанасын қуяштың ашшы нуры күйдирмесин, сен соның бәрине жуўапкерсең" деп тапсырып қойғандай сезинер едим. Қолымнан келгенинше мен усы жуўапкершиликти жан жүрегим менен сезиндим ҳәм соны орынлаўға ҳәрекет еттим. Мен шайырдың көплеген қосықларын ядқа билер едим. Гейде оның не қыялда турғанын анлап, өзиниң усы темада жазылған қосығынан бир куплет, еки куплет оқып жиберемен. Ол баладай қуўанып қалады. Азанғы ўақта көшеден мектепке баратырған балалар шаўқымласып өтеди. Сонда шайыр сигаретасын сорып турып, айнадан оларға узақ тигилип қарайды.

Қайтып келсе еди балалық шағым,
Сизлер менен бир мектепке қатнасам,
Класстан класска бирге атласам,
Қайтып келсе еди балалық шағым.
Деп турсызғой, халил, солай ма? —десем,

—Кеўлимдегини таптың, —деп изине айланар еди. Соң оны шайға мирәт етемен. (Мен оны "Халил-алланың досты" деп шақырар едим.)



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гейде негедур капа болынқырап отырады. Әлбетте, капалығын маған билдирмеўге тырысады. Лекин, мен сеземен. Оның бир ағла пазыйлети—қандай қапагершилик дус келсе де өмирге налымас, өткен өмиринде, жаслығында көрген азапларын айтып аҳ шекпес, қуўанған ўақтында шеннен тыс кетип сыр алдырмас, оғыры парасатлы еди.

Жоқарыдағыдай сәл руўхы түсип турған ҳалатында қасына барып"

—Халил,
Адам уғлы өз кеўлинди шад әйле,
Ашылсаң ашыла берер бу дүнья.
Ашық Аяз ашық жүрсин қабағың,
Қапылсаң қапыла берер бу дүнья.

—деген екен бир шайыр, деймен.

Ол дәрҳал өзин алып, күле шырай береди. Өзинин қапагершилиги басқаның да руўхын түсиретуғынлығын сезип, қолдан келгенше сол ҳалаттан шығыўға умтылады.

—Гүлсара, сенде мениң жанымның ишиндегини оқыйтуғын көз бар шығар, —деп маған сол ўақытта марапат берер еди.

Шайырдың қосықларын өз аўзынан еситиўге алыстан, жақыннан көп дослары келип турар еди. Олардың биразы изинде "Жоллыдан сәлем" деген қосығын оқып бериўин өтиниш етеди, оқып отырған ўақтында ерксиз көзлерине жас алады.

Бул қосық шайырдың генже қызы Айжамалға жазылған.

Мен келгенде сол Жоллы үйде жоқ екен. Айжамал турмысқа шығып кеткеннен кейин, күнде қолынан аўқат ишип туратуғын адамын жойтқанлықтан ба, я шайыр жумыста болып, Жоллыға дурыслы күтим болмады ма, қулласы, үйден кетип қалған екен. Бир күни қаладан келсем босағаның аўзында үлкен бир ийт тур. Ишке өтейин десем жол берк. Жит деўге қорықтым. Не болса да усы Жоллы емес пе екен, деп".

—Жоллы, −деп едим, ийт байғус қуйрығын былғаңлатып, дәрҳәл өзин шетке алды. Шайыр менен бирге сыртқа шықтық. Жоллы оған еркелеп атыр. Ийтти жақсылап аўқатландырдық. Ол тойып болып, саклап атырған үйине



www.ziyouz.com kutubxonasi

қайтып кетти. Сол-сол екен, Жоллы тез-тез келип, аўқатланып, лекин, болып атырған жағына қайтып кетер еди.

Бир күнлери Жоллы қартайды. Жаз айлары еди. Түсте жазғы сыпаға шығып, шай ишип, енди туўраманы алдымызға алып едик, есик беттен әсте адымлап Жоллы келди де, сыпаға таман жақынлап иркилди.

—Гүлсара, мына туўраманы табағы менен Жоллының алдына қой, —деди маған,

—Ҳаў еле аўыз тиймедик ғо?

—Яқ, апарып қоя бер.

—Табақ пенен қойсақ обал болмаспа екен?

—Ҳештағымас. Суў менен ҳадал болмайтуғын нәрсе жоқ, кейин жуўып аларсаң.

Ийтаяқты алып келемен дегенше Жоллы кетип қалады деди ме, солай табағы менен алдына апарып қойғызды. Жоллы табақтағы аўқат тамам болғанша қалдырмай жеди де, соң сыпаны бир айланып әсте шығып кетти. Бизлер сөйлеспестен жәниўарды алаң етпейик деп, тым-тырыс гүзетип отырдық.

Үш күннен кейин ийтти саклап отырған үйдин ийеси келип:

—Жоллы өлди, —деп айтып кетти.

—Сол күни тойдырып жибергенимиз қандай жақсы болды, —деди шайыр қуўанып. —Билсең, ол биз бенен хошласыўға келип еди.

Ол Жоллының өлимине ишлей қатты қыйналды, лекин, маған сездирмеўге тырысты.

Бәҳәрдин күнлери ерте шымалай шығады. Сонда қаладан пор әкелемен, я дус әкелемен. Енди себейин деп атырсам:

—Ҳәй, Гүлсара, неғып атырсаң? Қумырсқаның саған не зыяны болды? Ол да өзиниң ырысқысын терип жүр. Тийме, жүре берсин. Күн ысыса өзлери ақ далаға шығып кетеди, —деп мениң қолымды иркер еди.

Ол хеш ўақта кисиниң сыртынан гәп етпес, набада ҳаялшылық етип, биреўди айтып басласақ:

—Басқа гәпиңиз жоқ па? Қойың дә? Неғыласызлар, тыныш отырған биреўди сөз етип?—деп қайтарып таслайтуғын еди.

Сол-сол екен, өсек айтыў былай турсын, бул киси менен



www.ziyouz.com kutubxonasi

қослас болмастан алдын "набада биреўлерди ғыйбат етпедим бе екен?" —деп өз-өзимнен қысынатуғын болдым. Соның ушын да оннан "адамгершиликтиң ең аўла пазыйлетлерин үйрендим" демей не дейин.

Ол ушырасыўға яки басқа бир мирәт етилген мереке-мейлиске баратуғын болса күни бурын таярланып, бойы-сынында хеш бир мин қалдырмай шығар еди. Өзи қандай кийим кийсе де жарасатуғын, оның үстине кийимге де, басқа нәрсеге де талғамы күшли, сезимтал жан еди.

Биз оның менен орта дәрмиян ҳалда турмыс кеширдик. Күн көрисимиз келип қайтып төгилип турған молшылық та болмады, аш та болмадық. Мен рузгершилигимизге бола үнемлеп кәрежет еттим, Лекин, базарда өзге түсли не нәрсе болса, қайсы жемистиң алды сатыўға шықса бириншилерден болып шайырға дәм таттырдым. Оның бир жақсы әдети базардың нырқын хасла сорамас, кийим алып берсем де, жемис алып келсем де оның неше сомға түскенин билмес еди. Набада сорап қалған жағдайда арзан баҳаны айтаман. Ҳақыйқый баҳасын айтсам, жемис болса жемей, кийим болса киймей қояр еди. Екеўмиз де пенсиядамыз, бул ақшаны қаяқтан таўып береди деп мени аяп солай ислейтуғын еди ол.

Мен бул әжайып инсанды еле берин дүньядан кетпес, ақ костюм-шалбарды кийип, аққуўдай болып алдымда кем дегенде тоқсанға шыққанша жасар —деп едим. Өйткени, ол ақылдан алжаспады, кәдди бүгилмеди, шашының бир талы ағармады, жүргенде, турғанда, жас жигиттей саўлат төгип турар еди. Не илаж? Ҳәммемизге қәдирли инсанды сум әжел алып кетти. Оның өлимине тек мен емес, тек перзентлери емес, тек ағайын-туўғанлары емес, пүткил ҳалық қыйланды. Республика халқының бәрине теңдей аза болды ол. Ташкенттен ҳәм басқа да консылас республикалардан изли-изинен кеўил айтыўлар келди. Шайырдың қырқына дейин ким телевизордан көрип, ким газеттен оқып, руўхына бир куран оқып кетиўди инсаныйлық парызы деп билгенлердиң изи үзилмеди.

Мине, енди пүткил ел-ҳалық болып азалаған, жойтқан, тирисинде ардақлаған уллы инсанның сексен жыллық мерекеси де жетип келди. Ол бул мерекеге руўхан таярланып жүр еди. Академик Жуманазар Базарбаевтың өзи ҳаққында



www.ziyouz.com kutubxonasi

жазған китабының қол жазбасын оқып көрип, жүдә қуўанды. Лекин, китап болып шыққанын көриў несип етпеди.

"Өлмектиң изинен өлмек жоқ", енди мениң қолымнан келер исим, шайырдың қол жазбаларын таклап, шыққан-шықпаған мийнетлери болса баспа сөзге бериўге нийетлеп отырман. Набада үй музейи ашылатуғын болса өзи жумыс ислеген кабинетин тәртиплестирип, услап туткан буйымларын, қосық жазған ручка, қәлемлерин, машинкаларын, өзи унатып шай ишетуғын шайнек кесаларын таярлап қойыппан.

Басқа қолымнан келери не? Ийманың хәмре болсын мениң пирим хәм пайғамбарым!

***Гүлсара Юсупова.***
*Шайырдың зайыбы.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

# «СӨЗ ЗЕРГЕРИ ЕДИ»

*(яднама)*

*Қарақалпақ тилинде*
*«Қарақалпақстан» баспасы*
*Нөкис—2009*

Бас редакторы *Жийенбай Избасқанов*
Редакторы *Гүлистан Пирназарова*
Художниги *Көшкинбай Рейпназаров*

Териўге берилген ўақты 20.04.2009. Басыўға руксат етилген ўақты 25.04.2009. Қағаз форматы 84х108$^{1}/_{32}$ Офсет усылында басылды. Гарнитурасы—«Times». Көлеми 4,0+0,5 вкл. б/т, 3,36 шәртли б/т, 3,25 есап б/т. Жәми 1000 нускада. Бахасы шәртнама бойынша. Буйыртпа № 168.

«Қарақалпакстан» баспасы: 742000,
Нөкис қаласы, Қарақалпакстан көшеси, 9

Ташкент қаласы «NISO POLIPRINT» компаниясы,
Х. Байқара 41.

www.ziyouz.com kutubxonasi